

ANTONIM WONTEN ING ANTOLOGI NOVEL MARUKU

Skripsi

Katuraken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Minangka Salah Satunggaling Sarat

Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening:

Uun Syarifatun

NIM 11205241049

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2017

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Antonim* wonten ing *Antologi* Novel Maruku menika saged dipunuji awit sampun pikantuk pasarujukan dening *dosen pembimbing*.



Yogyakarta, 5 oktober 2017

Pembimbing,

A handwritten signature in black ink, appearing to be 'Mulyana', written in a cursive style.




Dr. Mulyana, M.Hum

NIP. 196610031992031002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Antonim* Wonten Ing *Antologi* Novel Maruku menika sampun dipunuji wonten ing sangajengipun *Dewan Penguji* rikala tanggal 1 November 2017 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Nama	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Mulyana, M.Hum.	Ketua Penguji		21-11-17
Avi Meilawati, S.Pd., M.A.	Sekretaris Penguji		17-11-17
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Penguji Utama		17-11-17

Yogyakarta, 21 Nov 2017

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,


Dr. Widyastuti Purbani, M.A.

NIP. 19610524 199001 2 001

WEDHARAN

Ingang tandha tangan ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Uun Syarifatun**

NIM : 11205241049

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, *karya ilmiah* menika boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha *etika* nyerat *karya ilmiah* ingkang limrahipun

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggul jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 5 Oktober 2017

Panyerat,



Uun Syarifatun

SESANTI

Nalika susah utawa bungah, tetep eling marang Gusti Allah

(Mamak)

Usaha karo donga bakal trep karo hasile

(Bapak)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Kuwaos *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhateng Bapak Ashari, Ibu Sariyah saha sisihan kula Tomy Nurhidayanto ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestunipun.

PRAWACANA

Panyerat ngaturaken raos syukur dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Kuaos ingkang sampun paring *nikmat*, kasarasan dhateng panyerat, saengga *skripsi* kanthi irah-irahan “*Antonim* wonten ing *Antologi Novel Maruku*” menika saged rampung kanthi sae. *Skripsi* menika kaserat kangge jangkepi salah satunggaling sarat anggayuh *gelar sarjana pendidikan*. Panyeratanipun *skripsi* menika saged rampung amargi pinarangan pitulung saha panyengkuyung saking sedaya pihak mliginipun Bapak Dr. Mulyana, M.Hum minangka *pembimbing skripsi* ingkang sampun sabar, tliti anggenipun maringi bimbingan, saha pandom ing salebeting sinau saha nyerat *skripsi*. Awit saking menika, panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng pihak ing ngandhap menika.


1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna, M.Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal kangge kula sinau ing jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
2. Ibu Dr. Widyastuti Purbani, M.A. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi menika.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum., minangka pangarsa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring palilah kangge nglampahi panaliten menika.
4. Ibu Dra. Siti Mulyani, M.Hum., minangka *pembimbing akademik* ingkang paring pimbingan ing salebeting sinau.
5. Bapak Ibu dosen jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mawarni-warni kawruh, piwulang ingkang murakabi dhateng panyerat.
6. *Staff* jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu *administrasi perkuliahan* dhateng panyerat.
7. Tiyang sepuh kula, Bapak Ashari saha Ibu Sariyah ingkang sampun nggulawentah, saha sampun paring donga pangestu.

8. Garwa kula, mas Tomy Nurhidayanto ingkang nyengkuyung saha paring donga pangestunipun.
9. Kanca rumaket kula Sukma Proklamasi Suci, Aprilia Kurniawati, Yamdari, Tika Parameswari, Arina Fatihatusolihah, Atikah Nur Sabrina, Dwi Lestari, Rae Sita, Fajarwati ingkang sampun nyengkuyung.
10. Kanca – kanca PBD B 2011
11. Sedaya pihak ingkang boten saged kula sebataken satunggal mbaka satunggal ingkang sampun paring pambiyantu, pandonga dhateng kula satemah skripsi menika saged kawujud.

Tamtu kemawon *skripsi* menika tasih tebih saking kasampurnan, jangkep. Pramila saking menika sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju supados langkung sae, jangkep saha kasampurnaning *skripsi* menika, tansah dipuntampi kanthi bingahipun manah saha agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi *skripsi* menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 5 Oktober 2017

Panyerat,



Uun Syarifatun

PRATELAN ISI

PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
PRATELAN ISI	viii
SARINING ISI	x
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	3
C. Watesaning Perkawis	3
D. Wosing Perkawis	3
E. Ancasing Panaliten	4
F. Paedahing Panaliten	4
G. Pangertosan	5
BAB II GEGARAN TEORI	6
A. Semantik	6
B. Relasi Bentuk saha Makna.....	10
C. Antonim	15
D. Novel Maruku	30
E. Panaliten ingkang Jumbuh.....	33
F. Nalaring Pikir	34
BAB III CARA PANALITEN	37
A. Jinising Panaliten	37
B. <i>Data saha Sumber Data</i>	38
C. Cara Ngempalaken <i>Data</i>	39
D. Pirantining Panaliten	40
E. Caranipun Ngalalisis <i>Data</i>	42
F. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i>	44
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN.....	46
A. Asiling Panaliten	46

B. Pirembagan49
BAB V PANUTUP69
A. Dudutan69
B. <i>Implikasi</i>71
C. Pamrayogi71
KAPUSTAKAN73
LAMPIRAN75

ANTONIM WONTEN ING ANTOLOGI NOVEL MARUKU

Uun Syarifatun

11205241049

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken babagan *antonim* wonten ing *antologi* novel Maruku. Datanipun awujud tembung, *frase* saha ukara. Inggih badhe kaandharaken inggih menika : 1) wujudipun *antonim*, 2) *tipe-tipe antonim*, saha 3) tegesipun tembung *antonim*.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Sumber datanipun inggih menika *antologi* novel Maruku. Data ing panaliten menika awujud pasangan *antonim* ingkang wujudipun tembung, *frasa* saha ukara. Caranipun ngempalaken data ing panaliten menika kanthi *teknik* maos saha nyathet. Caranipun nganalisis data ing panaliten menika kanthi *metode deskriptif*. Datanipun *antonim* kanthi ngandharaken wujud, *tipe* saha tegesipun *antonim*. Salajengipun, *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantik*.

Asiling panaliten menika ngandharaken wujudipun *antonim* wonten ing *antologi* novel Maruku wonten tiga, inggih menika *antonim* wujud tembung, *antonim* wujud *frasa* saha *antonim* wujud ukara. *Tipenipun antonim* ingkang kapanggihaken wonten sekawan, inggih menika *antonim tipe majemuk*, *antonim tipe gradual*, *antonim tipe berjenjang* saha *antonim tipe khusus*. Tegesipun tembung *antonim* ing panaliten menika arupi teges *gramatikal* pramila anggenipun pados tegesipun adhedhasar *konteks* ukaranipun.

Pamijining Tembung : *Antonim, Antologi* novel Maruku

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Wonten mapinten-pinten *kevariatifan* pamilihing tetembungan anggenipun nyerat karya sastra ingkang arupi novel, cerita cekak, sesorah saha sapanunggalanipun. Wonten ing asiling karya sastra menika saged dipuntingali *kevariatifan* panganggening tembung *antonim* utawi kosok wangsul. Panganggening tembung ingkang kosok wangsul ing satunggaling karya sastra tamtu anggadhahi maksud tartamtu. Ing basa Jawi *antonim* dipunsebut kosok wangsul. *Antonim* dipunperang dados mapinten-pinten *tipe*. Adhedhasar wujudipun, *antonim* ugi kaperang dados mapinten-pinten *wujud*.

Panaliten bab *antonim* minangka salah satunggaling cara ingkang *efektif* kangge ningkataken ketrampilan saha kangge nambah seserepan bab tembung-tembung basa Jawi mliginipun bab tembung-tembung *antonim*. Panaliten menika sae kangge ngrembakaken basa mliginipun bab tembung-tembung *antonim* ing basa Jawi.

Novel ingkang dipunteliti wonten ing panaliten menika irah-irahanipun Maruku. Ing novel menika kathah dipunpanggihaken panganggening *antonim*. Novel menika kacithak tahun 2011 ingkang dipunterbitaken dening Absolut saha kadhapuk saking 284 kaca. Novel menika awujud *antologi* utawi kempalan saking mapinten-pinten cariyos. Maruku menika kempalan saking pitung cariyos. Cariyos-cariyosipun inggih menika Maruku, Lading, Ajuring katresnan, Ketiban

guna-guna, Balon lurah, Abot sanggane, Kembang asmara. Ragam basa ingkang dipunginakaken wonten ing novel menika krama inggil saha ngoko. Ananging ingkang langkung kathah dipunginakaken inggih menika ngginakaken basa ngoko.

Analisis *antonim* ing novel Maruku menika saged dipunpangguhaken tuladha ing ngandhap menika. Tuladha ing ngandhap menika dipunpendhet saking salah satunggaling cariyos ingkang wonten ing salebetipun novel Maruku. Inggih menika wonten ing irah-irahanipun Maruku kaca 23.

“Lha yo cepet, wong tok tinggal turu. Wiwit numpak mobil kowe banjur merem, melek wis tekan kene. Yo mudhun yo.” (M/1/23/7)

Saking tuladha ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih tembung melek menika gadhah makna *antonim* utawi kosok wangsul kaliyan tembung merem. Tembung merem saha melek menika nedahaken kahananipun mripat. Melek menika tegesipun kahananipun mripat mbukak menawi merem tegesipun kahananipun mripat nutup. Amargi tegesipun tembung melek saha merem menika kosok balen pramila tembung merem saha melek kalebet *antonim*.

Wujudipun pasangan *antonim* merem saha melek inggih menika *antonim* wujud tembung lingga, amargi ingkang ngewrat teges kosok balen inggih menika tembung merem saha melek kemawon. Tembung merem saha melek menika awujud tembung lingga amargi dereng kawuwuhan menapa-menapa. Mekaten kalawau ingkang dados dhasaring panaliten. Satemah panaliten ingkang gadhah irah-irahan “*Antonim Wonten ing Antologi Novel Maruku*” menika perlu dipunlampahi.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil, saged dipunpanggihi perkawis-perkawis ingkang saged dipunrembag. Perkawis-perkawis kalawau kados ing ngandhap menika.

1. Wujudipun *antonim* wonten ing novel Maruku.
2. *Tipe-tipe antonim* wonten ing novel Maruku.
3. Tegesipun *antonim* wonten ing novel Maruku.
4. Sesambetan *antonim* saha makna wonten ing novel Maruku.
5. *Konteks antonim* wonten ing novel Maruku.

C. Watesaning Perkawis

Adhedasar underaning perkawis, panaliten menika boten ngandharaken sedaya perkawis ingkang wonten ing underaning perkawis, ananging perkawis dipunwatesi kanthi mekaten.

1. Wujudipun *antonim* wonten ing novel Maruku.
2. *Tipe-tipe antonim* wonten ing novel Maruku.
3. Tegesipun *antonim* wonten ing novel Maruku.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil, wosing perkawis ingkang saged dipunpendhet saking panaliten inggih menika.

1. Kados pundi wujudipun *antonim* wonten ing novel Maruku?
2. Menapa kemawon *tipe-tipe antonim* wonten ing novel Maruku?
3. Menapa tegesipun *antonim* wonten ing novel Maruku?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing perkawis ing nginggil, ancasing panaliten ingkang saged dipunpendhet ing panaliten inggih menika.

1. Ngandharaken wujudipun *antonim* wonten ing novel Maruku.
2. Ngandharaken *tipe-tipe antonim* wonten ing novel Maruku.
3. Ngandharaken tegesipun tembung *antonim* wonten ing novel Maruku.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika dipunajab saged suka paedah *praktis*. Paedahing panaliten menika kangge pamaos inggih menika sepisan kangge mangertosi punapa kemawon *tipe-tipenipun antonim* ingkang wonten ing novel Maruku. Kaping kalih kangge mangertosi punapa kemawon wujudipun *antonim* ingkang wonten ing novel Maruku. Kaping tiga kangge mangertosi punapa maknaipun *antonim-antonim* ingkang wonten ing novel Maruku. Kangge peminat basa asiling panaliten menika saged paring seserepan gegayutan kaliyan tembung *antonim*. Salajengipun kangge mahasiswa saha guru, asiling panaliten saged dipunginakaken kangge *referensi* panaliten salajengipun mliginipun panaliten bab tembung *antonim* saha kangge bahan ajar bab *antonim*.

G. Pangertosan

Wonten tembung-tembung ing panaliten menika ingkang kedah dipunparingi watesan supados cetha saha ndadosaken panaliti saha pamaos gadhah *persepsi* ingkang sami. Tembung-tembungipun kados ing ngandhap menika.

1. *Semantik* inggih menika ilmu ingkang nyinaoni bab simbol-simbol saha tegesipun. Mliginipun simbol wonten ing basa. *Semantik* asalipun saking basa Yunani '*semainein*' ingkang tegesipun '*makna*' utawi '*arti*'.

2. *Antonim* inggih menika tembung ingkang nggadhahi makna kewanalihanipun utawi kosok balen saking tembung sanes. *Antonim* asring dipunsebut kosok balen.

3. Novel Maruku inggih menika *novel* basa Jawi ingkang awujud *antologi* novel utawi novel ingkang kasusun saking mapinten-pinten cariyos.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. *Semantik*

Semantik menika ngelmi ingkang nyinau bab teges utawi makna. Tarigan (1985:7) ngandharaken bilih *semantik* menika ngelmi ingkang nyinaoni bab lambang utawi tandha ingkang nedahaken *makna*, sambung rapetipun makna setunggal saha sanesipun. Pramila saking menika *semantik* ngewrat bab tegesing tembung, ngrembakanipun saha ewah gingsiripun.

Pamangih menika jumbuh kaliyan tegesipun *semantik* menawi dipunpirsani saking *etimologi* basa. Aminuddin (1988:15) ngandharaken *semantik* ingkang mula bukanipun saking basa Yunani ingkang gadhah makna *to signity* utawi maringi makna. Istilah *semantik* sami kalian tembung *semantique* ing basa Perancis ingkang dipunserep saking basa Yunani. Ing basa Inggris, *semantik* dipunsebat *meaning*. Menawi wonten ing basa Jawi dipunsebat widyamakna. Widyamakna kasusun dening tembung ‘widya’ ingkang gadhah teges “ilmu” saha tembung ‘makna’ ingkang gadhah teges “surasa”. Widyamakna menika kalebet peranganipun ilmu basa ingkang wonten gegayutanipun kalian ilmu teges. Makna utawi teges ingkang dipunsinau utawi ingkang dipunrembug widyamakna boten namung teges ing tembung nanging teges wonten ing *frasa* saha teges ing ukara ugi karembug (Sasangka, 2001:185).

Tembung *semantik* lajeng dipunsarujuki minangka *istilah* kangge ngelmu basa ingkang ngrembag saha nyinau babagan *makna* utawi teges ingkang

minangka salah satunggaling saking *tataran analisis* basa, inggih menika *fonologi*, *gramatika* utawi tata basa saha *semantik* (Suwandi, 2008:9). Andharan sanesipun ngandharaken bilih *semantik* minangka salah satunggaling *cabang linguistik* ingkang *kompleks*. Tegesipun *kompleks*, amargi *objek* kajianipun *semantik* inggih menika *makna*, pramila makna menika sipatipun *abstrak* saha gayut kalian *proses mental*. *Semantik* ngewrat teges “*studi tentang makna*”. Kanthi anggapan bilih *makna* menika perangan saking *linguistik* (Aminuddin, 1988: 15).

Semantik inggih menika salah satunggaling ngelmi ingkang nyinau bab teges. Mulyono (lumantar Suwandi, 2008: 11) ngandharaken *semantik* inggih menika cabang *linguistik* ingkang gadhah teges *telaah* makna tembung, kados pundi mila bikakipun, kados pundi pangrembakanipun, saha punapa sebabipun teges wonten ing sejarah basa menika saged gantos.

Suwandi (2008: 9) ngandharaken bilih *semantik* menika *menelaah* lambang/ tanda ingkang ngandharaken makna, gayutan makna setunggal saha sanesipun, saha akibatipun dhumateng masyarakat. Pramila, *semantik* nyakup makna-makna tembung, pangrembaka saha *perubahan*. Saking andharanipun Suwandi menika saged dipunmangertosi bilih *semantik* nyinaoni sedaya bab ingkang gayut kaliyan makna wiwit saking maknanipun ujaran ngantos akibat ingkang dipunkasilaken sasampunipun mangertosi maknanipun ujaran menika. Pramila *Semantik* dipunsebat *studi* makna.

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *semantik* menika ngelmi ingkang nyinau bab maknanipun tembung, *frasa* saha ukara. Saben

tembung ingkang dipunucapaken kalian penutur nggadahi makna tartamtu. Makna tartamtu menika ingkang dipunkaji wonten ing *semantik*. Makna ugi asring dipunsebat teges. Wonten ing *semantik* makna menika wonten ingkang dipunsebat makna *gramatikal* saha makna *leksikal*.

Makna *leksikal* inggih menika makna *leksem* menawi *leksem* menika ngadeg piyambak. Kathah ahli ingkang ngandharaken bilih makna *leksikal* sami kaliyan makna ingkang wonten ing kamus. Lajeng menawi makna *gramatikal* inggih menika maknanipun *leksem* dipuntingali saking fungsipun *leksem* menika ing setunggaling ukara. Makna *gramatikal* ugi dipunsebat makna *kontekstual*.

Salah satunggaling bab ingkang dipunrembag ing *semantik* inggih menika bab *relasi* makna. Ing *relasi* makna menika ingkang dipunrembag inggih menika perkawis-perkawis kados *sinonimi*, *antonimi*, *hiponimi*, *homonim*, *homofon*, *homograf*, *polisemi*, lsp. Wonten ing karya sastra tamtu kathah dipunpanggihaken tembung-tembung, ukara utawi *frasa* ingkang ngewrat *relasi* makna menika. Pramila *semantik* dados dhasaring utawi landasaning teori kangge madosi teges saha maksudipun penganggit ngginakaken tembung-tembung kalawau.

Tuladhanipun ingkang kalebet bidang kajian makna semantik inggih menika.

Lare alit menika kepengen endog mata sapi (Mulyana, 2008:53)

Saking tuladha ing nginggil saged dipunmangertosi bilih tegesipun endog mata sapi ing ukara menika, sanes endog ingkang dipunasilaken saking matanipun sapi utawi lembu. Nanging dipunpirsani saking konteks ukaranipun inggih menika

tigan ingkang dipungoreng ceplok, ingkang ngasilaken bentuk tigan ingkang bunder mleker ageng kados mata sapi.

Antonim ugi salah satunggaling paragan saking *kajian semantik*. Tembung-tembungipun nggadahi *makna* utawi teges ingkang *kontekstual* saha ugi ingkang *leksikal*. *Makna-makna* menika ingkang badhe dipunrembag wonten ing *kajian semantik* amargi *semantik* menika ngembag babagan *makna* utawi teges. Semantik wonten ing basa jawi dipunwastani *widyamakna* ingkang anggotanipun salah satunggaling inggih menika *antonim*. *Antonim* nggadahi sipat ingkang *kontras* kalian *sinonim*. Menawi *sinonim* menika tembung ingkang maksudipun utawi tegesipun sami nanging pangucapanipun beda. Beda kalian *antonim* ingkang dados perkawis wonten ing panaliten menika, bilih *antonim* menika kalih tembung ingkang nggadahi teges ingkang kosok wangsul saha pangucapanipun tamtu ugi beda. Tuladhanipun wonten ing salah satunggaling minangka *data* wonten ing panaliten menika.

Bu menik ngalor-ngidul golek uwong sing gelem nyengkuyung.
(M/5/174/71).

Saking tuladha menika dipunpanggihaken *data antonim* ngalor saha ngidul. Menawi dipuntingali saking *makna* utawi tegesipun kanthi *leksikal* menika tegesipun arah ingkang gadhah ancas kosok wangsul. Menawi dipuntingali saking *makna gramatikal* tegesipun bilih tokoh ingkang asmanipun bu menik menika nembe madosi tiyang ingkang saged nulungi piyambakipun. Pundi-pundi papan dipunsuwunaken pitulungan.

B. Relasi Bentuk saha Makna

1. Sinonim

Istilah *sinonim* saking basa Inggris inggih menika ‘*synonymy*’, menawi saking basa Yunani ‘*onoma*’ tegesipun ‘*nama*’ saha ‘*syn*’ tegesipun ‘*dengan*’. Makna kanthi harafiahipun inggih menika sesebutan ingkang sanes saking bentuk ingkang sami (Pateda,1989:100). Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih *sinonim* menika tembung ingkang nggadahi kathah pangucapan ananging maknanipun sami. Tuladhanipun dhahar, *sinonim*ipun inggih menika maem, nedha, mangan.

Verhaar (lumantar Pateda, 1989:100) ngandharaken bilih *sinonim* inggih menika *ungkapan* awujud tembung saged ugi awujud *frasa* saha awujud ukara ingkang maknanipun sami kalian *ungkapan* sanesipun. *Sinonim* kadhapuk saking kalih tembung utawi langkung ingkang wujud saha panyeratanipun beda, ananging nggadahi teges ingkang sami. *Sinonim* ing basa Jawi gunggungipun kathah sanget, langkung-langkung antawisipun tembung ngoko, madya, krama, saha krama inggil. Tembung turu-tilem-sare; mangan-nedha-dhahar; lunga-kesah-tindak lan sapanunggalanipun saget dipungolongaken tembung-tembung ingkang sami tegesipun utawi tembung-tembung ingkang bersinonim (Sasangka, 2001: 187). Tuladhanipun sinonim kados ing mandap punika.

Bocah kuwi jenenge sapa?

Bocah kuwi arane sapa? (Sasangka, 2001:186)..

Saking tuladha menika tembung jeneng saha aran dipunwastani *sinonim* amargi kekalih tembung menika maksudipun utawi tegesipun sami ananging pangucapanipun beda.

2. *Homonim*

Istilah *homonim* saking basa Inggris ‘*homonymy*’, saking basa Yunani ‘*onoma*’ ateges ‘*nama*’, saha ‘*homos*’ ateges ‘*sama*’. Kanthi *harafiah homonim* nggadahi makna nama sami kangge benda sanesipun. Verhaar lumantar Pateda (1989:98), ngandharaken bilih *homonimi* inggih menika ungkapan wonten ing tembung, *frasa* utawi ukara ingkang wujudipun sami kanthi ngginakaken ungkapan sanes ananging gadhah makna ingkang beda.

Sasangka (2001:189), ngandharaken bilih *homonim* inggih menika tembung ingkang panyeratan saha pangucapanipun sami. Ananging boten ateges maknaipun ugi sami, nanging maknaipun beda amargi asalipun tembung ingkang beda. Saking andharan menika saged dipundudut bilih *homonim* menika tembung ingkang sami pangucapan saha panyeratanipun, ananging beda maknaipun. Tuladhanipun kados ing mandhap punika.

Adhuh wetengku krasa suduken!

Yen pancen kendel, suduken wetenge macan kuwi! (Sasangka, 2001:189)

Saking tuladha menika tembung *suduken* gadhah makna langkung saking setunggal utawi makna ingkang beda, nanging pangucapanipun saking tembung ingkang sami, pramila saged dipunwastani *homonim*.

3. *Homofon*

Sasangka (2001:191), *Homofon* inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang pangucapanipun sami ananging nggadahi teges ingkang beda, utawi kalih tembung ingkang beda panyeratanipun saha maknaipun nanging pangucapanipun tembung sami utawi meh sami. Tuladhanipun inggih menika

tembung **anteb** saha **antep**, **kulub** saha **kulup**, **parab** saha **parap**. Wendene panganggenipun wonten ing ukara kados mekaten.

- a. 1). Bobotmu saiki mesthi luwih **anteb** tinimbang sesasi kepungkur.
2). Yen kowe ora **antepan** ati, kabeh pepinginanmu ora bakal kaleksanan.
- b. 1). Bayem kaya ngene iki yen digawe **kulub** mesthi enak banget.
2). “Ngeer, **kulup** Abimanyu mara nyedhaka mrene bocah bagus.”
- c. 1). Mas, adhimu iku **parabane** sapa?
2). Dhik, nyuwun tulung iki panjenengan **parab** dhisik.

Tembung *anteb* wonten ing ukara (a1) ngandhut teges ‘bobot’ utawi ‘abot’, wondene *antep* ing (a2) ngandhut teges ‘karep’ utawi ‘tekad’. Tembung *kulub* wonten ing ukara (b1) ngandhut teges ‘kuluban’ utawi ‘gudhangan’, wondene tembung *kulup* wonten ing (b2) ngandhut teges ‘anak’. Tembung *parap* wonten ing (c1) ngandhut teges ‘aran’ utawi ‘jeneng’, wondene tembung *parap* wonten ing (c2) ngandhut teges ‘tandha tangan’ utawi ‘tapak asma’.

Saking andharan wonten ing nginggil menika saged dipundudut bilih *homofon* menika kalih tembung utawi langkung ingkang pangucapanipun sami, ananging panyeratan saha maknanipun utawi tegesipun beda.

4. *Homograf*

Sasangka (2001 : 192), ngandharaken bilih *homograf* inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang sami panyeratanipun ananging tegesipun beda. Tembung-tembung ingkang kalebu *homograf* inggih menika *teken* ‘tongkat’ saged ugi ‘paraf/tapak asma’. Tembung *cemeng* ‘ireng’ saged ugi ‘anak kucing’. Tembung *kendel* ‘wani’ saged ugi ‘mandhek’. Tembung *geger* ‘punggung’ saged ugi ontran-ontran’. Tembung *meri* ‘anak bebek’ saged ugi ‘iri’ utawi ‘ewa’. Saking tuladha wonten ing nginggil menika saged dipunpriksani wonten ing ukara menika.

- a. 1). Aku krungu jarene Jakarta *geger*, apa bener?
- 2). Kuwi *gegermu* ngapa kok pating blaker?
- b. 1). Esuk-esuk nggawa *meri* arep kokdol apa, Kang?
- 2). Kowe uwis gedhe Nduk, dadi ora kena *meri* karo adhimu!

Andharan wonten nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih

homograf menika kalih tembung ingkang panyeratanipun sami, ananging pangucapan saha maksud utawi tegesipun beda.

5. *Antonim*

Sasangka (2001:188), ngandharaken *antonim* inggih menika tembung, frasa, utawi ukara ingkang gadhah teges walikan utawi kosok balen kalian tembung, frasa, utawi ukara sanesipun. Tembung-tembung ingkang kalebet *antonim* antawisipun inggih menika *gedhe cilik*, *amba ciyut*, *dawa cedhak*, *pinter bodho*, *gampang angel*, saha *cendhek dhuwur* lan sapanunggalanipun.

Pateda (1989:94), antonim saking basa Inggris '*antonymy*', saking basa Yunani Kino '*onoma*', '*nama*' saha '*anti*', '*melawan*'. Kanthi makna *harafiah*, *nama lain untuk benda yang lain*. Verhaar (lumantar Pateda, 1989: 94), ngandharaken bilih *antonim* inggih menika *ungkapan* ingkang awujud tembung, *frasa* saha ukara ingkang dipunanggep gadhah makna ingkang kewanalikan utawi kosok balen saking *ungkapan* sanesipun.

6. *Polisemi*

Sasangka (2001: 194), ngandharaken *polisemi* menika mujudaken tembung ingkang ngandhut teges langkung saking seetunggal. *Polisemi* saged gampang dipunmangertosi menawi tembung menika dumunung wonten ing ukara. Menawi namung dumunung piyambak, maknanipun utawi tegesipun tembung menika saged langkung saking setunggal, nanging menawi wonten ukara, tembung

menika awis-awis gadhah teges langkung saking setunggal. *Polisemi* saged kangge ngembangaken makna tembung utawi *istilah*.

Palmer (lumantar Pateda, 1989:103), ngandharaken “*it is also the case that the same word may have a set of different meanings*”, *leksem* ingkang ngandhut saperangan makna ingkang beda, ngandhut makna *ganda*. Simpon (lumantar Pateda, 1989:104) ngandharaken, “*a word which has two (or more) related meanings*, Zgusta (lumantar Pateda, 1989:104) ngandharaken, “*polysemy of a word means, then all the possible senses the word has*”. Saking andharan-andharan menika saged dipundudut dudutan, *polisemi* inggih menika *leksem* ingkang ngandhut makna *ganda*. Amargi *kegandaan* kados mekaten pramila pamireng utawi pamaos *ragu-ragu* nafsiraken makna *leksem* utawi ukara ingkang dipunmirengaken utawi dipunwaos.

Tembung *babaran* nggadahi teges ‘bayekan’ utawi ‘nglairake’ saha ugi gadhah teges ‘wedharan’ utawi ‘weton (*keluaran*)’. Tembung *sampun* saged dipunkajengaken ngandhut ‘uwis’ saha saged ugi ngandhut teges ‘aja’. Tembung *kalih* ugi nggadahi teges langkung saking setunggal, inggih menika ngandhut teges ‘loro’ saha ngandhut teges ‘karo’, utawi ngandhut teges ‘lan’.

Tembung-tembung ingkang kalebet *homofon* sedaya kalebet *polisemi* amargi *homofon* menika ingkang diutamakaken swaranipun (*fon-e*), inggih menika swaranipun sami nanging teges utawi maknanipun beda. *Polisemi* ingkang dipunutamakaken menika tegesipun utawi maknanipun tembung ingkang langkung saking setunggal.

C. Antonim

Antonim minangka salahsatu nggaling *relasi* makna wonten ing *semantik*. Gayutipun kalia *semantik* antawisipun *satuan bahasa* ingkang setunggal saha *satuan bahasa* sanesipun. Chaer (2009: 83) ngandharaken bilih *relasi* makna inggih menika gegayutan bab *kemaknaan* utawi *relasi semantik* antawisipun setunggal tembung utawi satuan basa sanesipun kalia tembung utawi satuan basa sanesipun. Dados makna antawisipun tembung menika gadhah gegayutan. Perkawis ingkang gayut kalia *relasi* makna kados *sinonim, antonim, homonim, homofon, homograf, polisemi, lsp.* Ing panaliten menika boten sedaya jinis *relasi* makna badhe dipunandharaken, ananging namung ngandharaken bab *antonim* kemawon.

1. Pangertosan Antonim

Verhaar (lumantar Sukardi, 1995:10) ngandharaken antonim dipunpendhet saking istilah basa Yunani Kuna “*anoma*” ingkang tegesipun nama saha “*anti*” ingkang tegesipun nglawan. Salajengipun, Tarigan (1985: 36) ngandharaken bilih *antonim* menika kadhapuk saking tembung *antio* utawi *ant* ingkang nggadhahi teges “lawan”, pikantuk panambang tembung ‘*onim*’ utawi ‘*onuma*’ ingkang nggadhahi teges “*nama*” inggih menika tembung ingkang ngandhut teges ingkang sami kuwalikan antawisipun setunggal tembung kalia tembung sanes.

Miturut Mulyana (2008: 34) *antonim* inggih menika tembung ingkang gadhah teges ingkang kosok balen kalia teges sanesipun. Andharan menika sami kaliyan andharanipun Sasangka (2001: 188) *antonim* inggih menika tembung,

frasa utawi ukara ingkang ngemu teges kuwalikan kalian tembung, *frasa* utawi ukara sanesipun. Saking andharanipun Mulyana saha Sasangka menika saged dipunpendhet dudutan bilih *antonim* inggih menika sedaya satuan basa ingkang gadhah teges sami kuwalikan. Salajengipun Chaer (2007: 299) ugi ngandharaken bilih *antonim* utawi *antonimi* inggih menika gegayutan *semantik* antawisipun kalih satuan ujaran ingkang tegesipun nedahaken kuwalikan, *pertentangan*, utawi *kontras* antawisipun setunggal saha sanesipun.

Saking pamanggihipun para ahli ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *antonim* inggih menika tembung, *frasa* utawi *ukara* ingkang gadhah teges kosok balen utawi kuwalikanipun. Salajengipun, saged ugi dipunpendhet dudutan bilih *antonim* saha *antonimi* menika sami tegesipun, inggih menika tembung ingkang gadhah makna kosok balen.

Lyons (lumantar Sukardi, 1995: 11) ngandharaken bilih istilah *antonim*, wondene istilah *standar* kangge makna ingkang kosok balen, ananging para ahli asring nggantos istilah menika kalihan *oposisi*. Adhedhasar pamanggih menika pramila kathah ahli ingkang ngandharaken bilih *antonim* menika sami kalian *oposisi*. *Antonimi* setunggaling tembung langkung saged dipunpanggihaken kanthi trep tinimbang *sinonim* (Gudai, 1989: 13). Saking andharanipun Gudai menika saged dipunmangertosi bilih *sinonim* langkung sisah anggenipun manggihaken kanthi trep amargi kadhang kala setunggaling tembung menika gadhah *sinonim* ingkang langkung kathah.

Miturut Gudai (1989: 13), *antonim* menika gadhah sipat *relatif* (*gradabel*) mila boten nggumunaken menawi setunggal tembung saged

angadhahi kosok balen langkung saking setunggal. Kanthi *harfiah antonim* inggih menika nami sanes kangge barang sanes ugi. Istilah *antonim* asring dipunsebat kosok balenipun *sinonim*, ananging status kalih istilah menika beda. *Antonim* biasanipun teratur saha saged *dipunidentifikasi* kanthi trep (Pateda, 1989: 95). Teges saking andharanipun pateda, *antonim* menika langkung gampang anggenipun ngidentifikasi katimbang *sinonim*. Setunggaling tembung saged gadhah sinonim ingkang kathah, pramila anggenipun ngidentifikasi langkung susah.

Antonim minangka salah satunggaling cara ingkang *efektif* kangge ngindhakaken ketrampilan saha kangge seserepan *kosakata*. *Antonim* dipunperang dados tigang wujud. Wujudipun inggih menika antonim wujud tembung, wujud *frasa* saha wujud ukara. Wondene miturut tipe utawi jinisipun antonim dipunperang dados gangsal. Tipe-tipenipun inggih menika, *antonim biner*, *antonim majemuk*, *antonim gradual*, *antonim berjenjang* lan *antonim khusus*. Tembung *antonim* kathah dipunpanggihi wonten ing novel, cerkak, pidato, lsp. Tuladhanipun tembung antonim kados ing ngandhap menika.

gedhe >< *cilik* (Mulyana, 2008: 35)

Saking tuladha ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih tembung gedhe menika angadhahi makna ingkang kuwalikan kalihan tembung cilik. Tembung gedhe saha cilik menika nedahaken ukuran wujud. **Gedhe** menika tegesipun ukuran ingkang ageng menawi **cilik** menika tegesipun ukuran ingkang alit. Amargi tegesipun tembung gedhe saha cilik menika kosok balen pramila tembung gedhe saha cilik menika kalebet *antonim*.

2. Wujud Antonim

Adhedhasar wujudipun, antonim dipunperang dados tiga inggih menika *antonim* wujud tembung, antonim wujud *frasa* saha *antonim* wujud ukara. Verhaar (lumantar Sukardi, 1995: 14) ngelompokakae *antonim* adhedhasar *tataran satuan lingual* ingkang dipunperang dados tiga: inggih menika *antonim* antawisipun ukara, *antonim* antawisipun *frasa*, *antonim* antawisipun tembung saha *antonim* antawisipun *morfem*. Ananging antonim antawisipun *morfem*, boten dipunpanggihaken ing basa Jawi. Supados langkung cetha, wujud-wujudipun *antonim* badhe dipunandharaken ing ngandhap.

a. Antonim Wujud Tembung

Tembung inggih menika *satuan unit* basa ingkang ngewrat teges, ingkang kadadosan saking setunggal utawi kalih *morfem*. Miturut Antunshono (1953: 13) adhedhasar wujudipun, tembung kaperang dados kalih golongan, inggih menika tembung lingga saha tembung ingkang sampun owah saking lingganipun. Menawi miturut andharanipun Sasangka (2001: 34) adhedhasar wujudipun tembung kaperang dados sekawan inggih menika tembung lingga, tembung andahan, tembung rangkep saha tembung camboran.

Saking andharanipun Sasangka saged dipunmangertosi mawi tuladha wonten ngandhap punika

Nganti pirang-pirang tahun anggone bebrayan wong sakloron kuwi kaya **mimi** lan **mintuna**. (M/1/9/2)

tuladha inggil menika pikantuk *data antonim* **mimi** saha **mintuna**. Adhedhasar wujud tembungipun kalebet tembung lingga >< tembung lingga, amargi tembung **mimi** saha **mintuna** dereng owah saking lingganipun. Tembung

mimi saha **mintuna** gadhah teges inggih menika istilah pasanganipun manungsa ingkang tansah runtung-runtung boten pisah-pisah. Salajengipun tuladha sanesipun wonten ngandhap punika.

bapak lan **ibune** Mas Joko kuwi wis seda. (M/1/24/8)
saking tuladha inggil menika pikantuk *data antonim* **bapak** ><**ibune**.

Adhedhasar wujud tembungipun kalebet tembung lingga>< tembung andhahan. Tembung bapak minangka tembung lingga amargi dereng owah saking lingganipun. Wondene tembung ibune minangka tembung andhahan amargi sampun tembungipun sampun owah saking lingganipun saha kawuwuhan panambang –an. Salajengipun tuladha tembung lingga ><tembung rangkep dipunpangihaken wonten data ngandhap punika.

Dheweke kepingin telpon, nanging ora sido amarga pancen ora nate Joko telpon Ratih **awan-awan** merga pulsane larang, dadi diundur mengko **bengi** wae. (M/1/33/14)

Saking tuladha wonten inggil, pikantuk *data antonim* antawisipun tembung **awan-awan** >< **bengi**. Adhedhasar wujud tembungipun kalebet tembung rangkep >< tembung lingga. Tembung **awan-awan** minangka tembung rangkep amargi tembung lingga ingkang dipunrangkep utawa dwilingga. Tembung bengi minangka tembung lingga amargi boten owah saking lingganipun.

Andharanipun para ahli saged dipunpendhet dudutan bilih adhedhasar wujudipun tembung menika kaperang dados kalih inggih menika tembung lingga saha tembung ingkang sampun owah saking lingganipun. Salajengipun, tembung ingkang sampun owah saking lingganipun menika kaperang dados tiga inggih menika tembung andahan, tembung rangkep, saha tembung camboran.

Tembung lingga inggih menika tembung ingkang dereng owah saking lingganipun. Wondene tembung ingkang sampun owah saking lingganipun inggih menika tembung ingkang sampun pikantuk wuwuhan utawi dipunsebat tembung andhahan, tembung ingkang dipunrangkep, saha gabungan tembung ingkang gadhah teges enggal utawi dipunsebat tembung camboran.

Adhedhasar andharan ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih *antonim* wujud tembung inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang ngewrat teges kosok balen. Tembung-tembung ingkang dados anggota pasangan *antonim* menika saged awujud tembung lingga saha tembung ingkang sampun owah saking lingganipun. tembung ingkang sampun owah saking lingganipun menika saged arupi tembung andhahan, tembung rangkep utawi tembung camboran.

b. Antonim Wujud Frasa

Antonim wujud *frasa* inggih menika data ingkang badhe dipunpanggihaken antawisipun *frasa* ingkang gadhah teges kosok wangsul. Tuladhanipun *antonim* wujud *frasa* inggih menika

Pancen merga kepingin duwe anak, kepingin nunjuke dadi **wong lanang** tenan, lan emoh disepeleke **wong wedok** apa meneh bojone. (M/3/161/62)

Saking pethikan cariyos wonten inggil dipunpanggihaken *data antonim* ingkang awujud *frasa* inggih menika *frasa wong lanang* saha *frasa wong wedok*. Data menika kalebet *frasa* amargi dumados saking *inti* “nerangaken” saha *atributif* “dipunterangaken”. Inkang dados inti inggih menika tembung **wong**

saha ingkang dados *atributif* inggih menika tembung **lanang, wedok**. Menawi dipuntingali saking tegesipun *data* menika gadhah teges jinisipun manungsa.

Miturut Sasangka (2001: 127), frasa inggih menika kempalan tembung ingkang dumados saking *inti* saha *atributif*. Tegesipun inti menika perangan ingkang dipuntrangaken, wondene *atributif* menika perangan ingkang nerangaken. Frasa ing basa Jawi saged awujud *atributif-inti* utawi kuwalikanipun, *inti-atributif*. Miturut Sasangka (2001: 131) frasa menika dipunbedakaken dados kalih, inggih menika frasa *endosentrik* saha frasa *eksosentrik*. Frasa *endosentrik* inggih menika *frasa* ingkang namung nyebataken salah satunggaling perangan kemawon, ananging perangan ingkang dipunsebataken saged dipunginakaken minangka sesulih perangan sanesipun. Tuladhanipun frasa *endosentrik* kados ing ngandhap menika.

Bocah wadon ayu → *bocah wadon* (Sasangka, 2001: 131)

Saking tuladha ing nginggil saged dipunmangertosi bilih *frasa* bocah wadon ayu menika saged namung dipunserat bocah wadon kemawon, amargi ingkang naminipun ayu menik tamtu salah satunggaling peranganipun tiyang wadon.

Salajengipun inggih menika *frasa eksosentrik*. Miturut Sasangka (2001: 131) *frasa eksosentrik* inggih menika *frasa* ingkang salah satunggaling peranganipun boten saged dados gantosipun perangan sanesipun. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih *frasa* menika boten saged menawi salah satunggaling tembung ing *frasa* menika dipunicalaken. Supados langkung cetha ing ngandhap badhe dipunandharaken tuladhanipun *frasa eksosentrik*.

Mas Kardi mulih saka Sala (Sasangka: 2001: 131)

Saking tuladha ing nginggil saged dipunpanggihaken *frasa* “saka Sala”. *Frasa* menika kalebet *frasa eksosentrik*, amargi perangan setunggal boten saged dados perangan sanesipun. *Frasa* ing nginggil boten saged menawi namung dipunsebataken “**mas Kardi mulih saka**” kemawon utawi “mas Kardi mulih Sala” kemawon.

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendet dudutan bilih *antonim* wujud *frasa* inggih menika *antonim* ingkang kadadosan saking kelompok tembung ingkang gadhah makna kosok wangsul. Kelompok tembung menika gadhah *struktur atributif-inti* utawi *inti-atributif*. Tuladhanipun *antonim* wujud *frasa* kados ing ngandhap menika.

(a) Iki bathik Pekalongan.

(b) Iki dudu bathik Pekalongan. (Mulyana, 2008:35)

saking tuladha ing nginggil saged dipunanggihaken *antonim* “iki bathik Pekalongan saha iki dudu bathik Pekalongan. Pasangana *antonim* menika awujud *frasa* amargi kasusun saking tembung ingkang langkung saking setunggal. Tembung-tembung menika gadhah susunan *inti-atributif*. Iki bathik minangka *inti* amargi arupi perangan ingkang dipuntrangaken wondene “Pekalongan” saha “dudu Pekalongan” minangka *atributif* amargi arupi perangan kang nerangaken bathik menika.

c. **Antonim Wujud Ukara**

Ukara inggih menika reroncening tembung sawatara, ingkang dados wedaring gagasan manungsa, awujud katrangan, pitakon, panjaluk, utawa bab sanesipun malih (Antunshono, 1953: 7). Tegesipun, ukara inggih menika kempalan tembung-tembung ingkang dipunronce satemah saged ngandharaken

penggalhipun tiyang. Tuladhanipun kados ingkang wonten *data* ngandhap menika

Mas Jojo, aku mundhak pangkatku dadi manager area, **kuwi aku seneng banget. Ning aku uga susah.** (M/1/12/4)

Saking pethikan cariyos wonten inggil menika dipunpangguhaken *data antonim* wujud *ukara*. Inggang nedahaken wujud ukara inggih menika **kuwi aku seneng banget >< ning aku uga susah.** Menawi dipuntingali saking tegesipun, data menika gadhah teges bilih kahanipun manah ingkang kosok wangsul. Data menika kalebet ukara awujud katrangan penggalhipun manah.

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih antonim wujud ukara inggih menika kalih ukara utawi kalih reroncening tembung ingkang gadhah makna ingkang kosok wangsul.

3. Tipe-tipe Antonim

Antonim boten namung wonten setunggal tipe kemawon. Antonim kaperang dados werni-werni *tipekipun*. Sukardi (1995: 18) ngandharaken bilih antonimi ing basa Jawa menika dipunperang dados gangsal tipe. *Tipe-tipekipun* inggih menika *antonimi biner*, *antonimi majemuk*, *antonimi gradual*, *antonimi berjenjang* lan *antonimi khusus*. Pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

a) *Antonimi Biner*

Antonimi biner inggih menika *antonimi* ingkang kadadosan saking kalih perangan, sedayanipun kalih. Gorys Keraf (2010: 40) ngandharaken bilih *antonimi biner* minangka *oposisi* kembar, inggih menika *oposisi* ingkang nyakup kalih anggota. Ciri utama antonimipun inggih menika *penyangkalan* ingkang

setunggal sami kaliyan *penegasan* ingkang sanes, *penegasan* ingkang setunggal sami kaliaan *penyangkalan* ingkang sanes. Dados menawi salah satunggaling leksem menika dipunsangkal pramila ndadosaken leksem sanes ingkang arupi antonimipun, tamsaya kiyat.

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *antonim biner* inggih menika tembung-tembung ingkang sami kosok balen tegesipun, namung kalih unsur kemawon. Pasangan antonim menika arupi *antonim mutlak*. Tegesipun *mutlak*, inggih menika anggotanipun boten saged dipuntambahi utawi dipungantos. Supados langkung cetha punapa ingkang dipunsebat *antonim biner*, tuladhanipun *antonim biner* badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

Urip >< mati (Sukardi, 1995: 18)

Tembung urip saha mati menika arupi pasangan *antonim*. Dipunsebat *antonim* amargi tegesipun tembung menika sami kosok wangsul. Urip menika tegesipun taksih gesang wondene mati menika tegesipun sampun seda. Tembung urip saha mati menika kalebet wonten ing *antonim biner* amargi pasangan antonim menika kadadosan saking kalih tembung urip saha mati kemawon. Namung kalih tembung amargi boten wonten pasangan rada urip saha rada mati.

b) Antonimi majemuk

Antonimi majemuk inggih menika *antonimi* antawisipun setunggal tegesing tembung kaliaan teges tembung sanesipun wonten ing salebeting kelompok teges tembung ingkang gadhah *superordinat* ingkang sami, ingkang dipunandharaken kanthi leksem tartamtu menapa boten (Sukardi, 1995: 51).

Maksudipun, tembung setunggal saha tembung sanesipun menika sami kosok balen ananging tembung-tembung menika gadhah *superordinat* ingkang sami.

Sukardi (1995: 51) ugi ngandharaken bilih pasangan *antonim* jinis menika menawi salah satunggalipun dipunegasikaken *menunjuk* kalian leksem sanes ingkang arupi anggota ing *kehiponiman*. Tuladhanipun inggih menika tembung abang menawi dipunegasikaken kalihan ‘sanes abang’ badhe *merujuk* ing werni sanes kados pethak, ijem, lsp. Supados langkung cetha, saged dipunpirsani tulahanipun ing ngandhap menika.

Bukuku wernane dudu **abang** nanging **putih** (Sukardi, 1995: 52)

Saking tuladha ing nginggil saged dipunpanggihaken pasangan antonim abang saha putih. Tembung abang saha putih menika arupi *antonim* amargi menawi tembung abang menika dipunegasikaken kalian ‘sanes abang’ pramila badhe *merujuk* ing werni sanes. Salajengipun tembung abang saha putih menika kalebet ing *antonim majemuk* amargi gadhah *superordinat* utawi induk ingkang sami, inggih menika ‘werni’.

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *antonim majemuk* inggih menika antonimipun setunggal tembung kalihan tembung sanesipun ingkang gadhah setunggal *superordinat* utawi induk ingkang sami. Dados ing setunggaling kelompok ingkang gadhah induk utawi *superordinat* ingkang sami menika, anggotanipun sami kosok wangsul.

c) *Antonimi Gradual*

Antonimi gradual inggih menika gegayutan antawisipun makna utawi unsur makna ing seperangkat *leksem*. Gegayutan *antonimi* ing tipe menika arupi

gegayutan ingkang berderajat (Sukardi, 1995: 69). Saking andharanipun Sukardi menika saged dipunpendhet dudutan bilih *antonim gradual* inggih menika pasangan *antonim* ingkang nedahaken derajat, ingkang kalebet ing tipe *antonim gradual* inggih menika tembung-tembung ingkang nedahaken tingkatan. Anggota pasangan *antonim* menika saged dipunwiyaraken, satemah saged mbentuk tahapan. Supados langkung cetha, ing ngandhap menika badhe dipunandharaken tuladhanipun *antonim gradual*.

Pomahanku ciyut, dene sing jembar iku pomahane adhiku. (Sukardi, 1995: 69).

Saking pethikan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih tembung ciyut kosok wangsul kaliaan tembung jembar. Ciyut saha jembar menika kalebet *antonim* amargi ciyut ing ukara menika tegesipun cilik wondene jembar menika tegesipun gedhe. Salajengingipun tembung ciyut saha jembar menika kalebet *antonim gradual* amargi ciyut saha jembar menika nedahaken tahapan ukuranipun pomahan. Anggota pasangan *antonim* menika taksih saged dipunwiyaraken, tegesipun ing antawisipun ciyut saha jembar menika wonten rada ciyut, rada jembar, ciyut banget saha jembar banget. wondene jembar menika dipunnegasikaken kaliyan “ora ciyut” pramila badhe merujuk rada ciyut, lsp. Adhedhasar menika pramila tembung ciyut saha jembar kalebet wonten ing *antonim gradual*.

d) Antonimi berjenjang

Antonimi berjenjang mirip kaliaan *antonim majemuk*, bedanipun inggih menika tembung-tembung ingkang kalebet ing tipe *antonim* menika boten gadhah

superordinat. Lajeng tembung ingkang setunggal arupi perangan saking tembung sanes (Sukardi, 1995: 105). Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan bilih *antonim berjenjang* inggih menika tembung-tembung ingkang maknanipun sami kosok balen, ananging sipatipun berjenjang. Tembung-tembung ingkang kosok balen menika arupi tingkatan. Jenjang menika saged nedahaken bobot, jarak, lsp. Supados langkung cetha, ing ngandhap badhe dipunandharaken tuladhanipun *antonimi berjenjang*.

Aku pesen kaos ora mung rong lusin, nanging rong kodi. (Sukardi, 1995: 106)

Saking tuladha ing nginggil saged dipunpanggihaken pasangan *antonim lusin* saha *kodi*. Saking tuladha ing nginggil tembung lusin saha kodi menika kosok wangsul amargi tegesipun lusin menika cacahipun langkung sekedhik tinimbang kodi ingkang cacahipun langkung kathah. Tembung lusin saha kodi menika kalebet wonten ing *antonimi tipe berjenjang* amargi nedahaken tahapan wonten ing jumlah.

e) *Antonim khusus*

Miturut Sukardi (1995: 120) pasangan *antonimi* ingkang dipunandharaken kalebet ing tipe khusus amargi gadhah ciri ingkang beda kalih *tipe-tipe antonim* saderengipun. Kawontenanipun pasangan *antonim* menika gumantung kalian *konteks* ukaranipun. Supados langkung cetha, ing ngandhap badhe dipunandharaken tuladhanipun *antonim tipe* menika.

Sing kudune mulang iku dudu murid nanging guru (Sukardi, 1995: 120).

Saking tuladha ing nginggil, pasangan *antonim* ingkang wonten inggih menika murid saha guru. Pasangan *antonim* menika meh sami kaliyan pasangan

antonim tipe *biner*, ananging kawontenanipun pasangan *antonim* menika gumantung kalian *konteks*-ipun. Tembung murid saha guru menika kalebet pasangan *antonim* amargi *konteks* ukaranipun inggih menika “ingkang kedah mucal” pramila ndadosaken tembung murid saha guru menika kalebet pasangan *antonim*.

Miturut Sukardi (1995: 122) *antonim khusus* menika dipunperang dados kalih inggih menika *antonim biner* peka *konteks* kaliyan *antonim majemuk kewaktuan*. *Antonim biner peka konteks* menika *antonim* ingkang sami kalian *antonim biner* ananging *antonim* menika gumantung sanget kaliyan *konteks*-ipun. Wondene *antonim majemuk kewaktuan* inggih menika *antonim* ingkang mirip kalian *antonim majemuk* ananging *antonim* menika gayut kalian *kewaktuan*.

Adhedhasar andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih jinis-jinisipun *antonim* inggih menika *antonim biner*, *antonim*, *majemuk*, *antonim gradual*, *antonim berjenjang*, saha *antonim khusus*.

4. Tegesing Antonim

Teges minangka *objek kajian*ipun *semantik*. Poerwadarminta ing kamusipun, Baoesastra Djawa (1939:599) ngandharaken teges inggih menika makna, keterangan saha surasaning tetembungan. Saking andharanipun Poerwadarminta saged dipunmangertosi bilih saben ujaran gadhah teges ingkang rinci ingkang saged ndadosaken mitra tuturipun saged mangertosi punapa ingkang dipunkajengaken penutur, pramila makna utawi katrangan menika ingkang dipunsebut teges. Bolinger (lumantar Mulyana, 2008:20) ngandharaken bilih

teges saged dipuntegesi *hubungan* antawisipun basa kalia *dunia luar* ingkang sampun dipunsarujuki dening para pangangge basa saengga saged sami mangertosi. Teges utawi *mean* utawi *meaning* inggih menika maksud (*infend*) utawi menapa ingkang dipunmaksud (Webster lumantar Mulyana, 2008:20). Andharan ing nginggil menika dipunsanggah kaliyan Verhaar (lumantar Mulyana, 2008:20), piyambakipun ngandharaken bilih teges beda kalia maksud, mekaten ugi kalia *informasi*. Miturut piyambakipun teges inggih menika bab ingkang wonten ing salebeting ujaran, wondene *informasi* inggih menika bab ingkang wonten jabanipun ujaran.

Saking andharan wonten ing nginggil menika saged dipunpendet dudutan bilih teges langkung caket pangertosanipun kalia makna. Nanging boten ateges bilih teges saha makna *bersinonim mutlak* amargi teges inggih menika tembung ingkang sampun nyangkup *makna* saha pangertosan. Wonten ing panaliten menika negesi bab *antonim* ingkang dados perkawisipun. Tegesing *antonim* inggih menika kalih tembung, kalih *frasa* saha kalih ukara ingkang ngewrat teges kosok wangsulipun. Inggih kosok wangsul antawisipun arupi kahanan, papan, arah saha *ungkapan*, lsp. Tegesing *antonim* menika saged dipunpangguhaken wonten ing salah satunggaling ujaran ingkang dipunandharaken penutur dhateng mitra tuturipun ingkang ngewrat kekarepan.

Mulyana (2008: 22), ngandharaken *faktor-faktor* ingkang nemtokaken teges wonten sekawan *faktor* antawisipun *bentuk, susunan, intonasi, konteks*. Inggih sepisan inggih menika *bentuk*. Salajengipun *faktor* ingkang nemtokaken inggih menika *susunan*. *Susunan* menika nedahaken papan utawi *letak (posisi)*

fonem wonten ing tembung utawi *letak* tembung wonten ing ukara. *Faktor* ingkang nomer tiga inggih menika *faktor intonasi*. *Intonasi* kaperang dados tiga antawisipun *intonasi datar*, *intonasi naik* saha *intonasi turun*. *Intonasi datar* dipuntengeri mawi tandha titik (.), menawi *intonasi naik* mawi tandha penthung (!), saha *intonasi turun* mawi tandha pitakenan (?). ingkang pungkasan inggih menika *faktor konteks*. *Faktor konteks* inggih menika kahanan ingkang dados landhesaning tuturan (*speech*) saengga teges wonten ing tuturan gumantung saking *konteks*.

Wonten ing panaliten menika anggenipun ngandharaken pirembaran wonten ing asiling panaliten menika mawi *konteks*, ingkang ateges anggenipun negesi ningali *konteks* ukaranipun. Teges *konteks* ugi dipunsebut teges *gramatikal*. Oka (1994:233), ngandharaken bilih teges *gramatikal* inggih menika teges wonten ing satunggaling *leksem* kanthi nggatosaken ginanipun *leksem* ing satunggaling ukara. Dados *leksem* menika dipuntegesi kanthi ningali *konteks* ukaranipun. Panaliten menika *objek kajianipun* novel ingkang irah-irahanipun Maruku ingkang awujud cariyos pramila anggenipun negesi tembung-tembung ingkang wonten ing novel Maruku tamtu gumantung kalian *konteks* ukaranipun.

D. Novel Maruku

Novel minangka salah satunggaling asiling *karya sastra* ingkang boten *asing* ing pegesangan jaman samenika. *Novel* asalipun saking basa Latin *novellus* ingkang dipunandhapaken saking tembung *novies* ingkang tegesipun “anyar”. Dipunsebut anyar amargi menawi dipuntandhingaken kalian jinis-jinis sastra

sanesipun, novel menika kentun kawontenanipun (Tarigan, 1985: 164). Novel minangka karangan *prosa* ingkang dawa, ngewrat rantamaning cariyos pagesangan satunggaling tiyang dhumateng tiyang sanesipun ingkang ngutamakaken watak saha sipatipun saben *tokoh*.

Cariyos ingkang wonten ing *novel* menika saged arupi cariyos *fiksi* saha cariyos ingkang nyata. Samenika sampun kathah pangripta ingkang wonten ing donya menika ingkang nyerat *novel* ngginakaken basa ingkang beda-beda. Ing Jawi piyambak samenika sampun kathah pangripta ingkang nyerat *novel* ngginakaken basa Jawi. Salah satunggaling *novel* basa Jawi inggih menika *novel* ingkang irah-irahanipun Maruku anggianipun Titik Renggani.

Novel Maruku menika awujud kempalan saking pitung cariyos ingkang beda-beda. Cariyos-cariyosipun inggih menika **Maruku**, ing sub irah-irahan Maruku menika nyariosaken tiyang ingkang bebrayan lajeng ingkang setri tindak nyambut damel wonten kalimantan, dangu-dangu ingkang kakung ngraos kesepen lajeng gadhah tali tresna kalian wanita sanes. **Lading**, ing cariyos Lading menika menawi wonten masalah mesthi gayut kalian lading, ing mriki nyariosaken tiyang ingkang ngemban sedaya kaperluan kulawarganipun kanthi piyambak, menawi wonten masalah mesthi wonten hubunganipun kalian lading, ing pungkasan cariyos piyambakipun gadah pepinginan mejahi garwa, ibu saha putranipun ngginakaken lading ingkang landhep sanget, nanging malah piyambakipun mati rumiyin.

Ajuring Katresnan, cariyos menika nyariosaken bilih wonten lurah kepengin sanget gadhah putra, nanging wonten ing gesang bebrayanipun dangu

dereng dipunparingi putra, lajeng pak lurah badhe buktikaken bilih piyambakipun saged gadhah putra. Kanthi cara ingkang boten leres pak lurah nyobi kalian wanita sanes. Ugi ngrusak kalih pager ayu tiyang sanes. **Ketiban guna-guna**, wonten ing cariyos menika ketiban guna-guna nyariosaken wanodya ingkang sampun kagungan garwa kanthi boten sadar seneng kalian prio sanes. Lajeng garwanipun mireng bilih garwanipun sampun ketiban guna-guna kalian pria sanes.

Balon lurah, ing cariyon menika nyariosaken wonten estri ingkang ngoyak-oyak garwanipun supados nyalon dados lurah. Sedaya bandha ngantos sampun telas namung kangge nyalon lurah. Ngantos bandhanipun maratua ngantos telas namung kangge daftaraken dados lurah. **Abot Sanggane**, nyariosaken calon dokter ingkang gadhah tali tresna kalian tiyang biasa, nanging sampun dipunwanti-wanti dening ibunipun supados boten mikir tiyang wanodya rumiyin. Si calon dokter menika lulut utawa manut sanget kalian sedaya prentahipun saking ibunipun. Dumugi wisuda nembe wantun nepangaken wanodya menika dateng ibunipun, nanging ibunipun boten sarujuk menawi putranipun ingkang digadang-gadang dados profesor namung angsal tiyang alit. Dangu-dangu si dokter dados setres nuruti sedaya ngendikanipun ibunipun ngantos dugi samenika, lajeng si dokter malih dados edan. Si dokter milih gesangipun dados wong edan.

Kembang Asmara, cariyosipun sami kalian cariyos abot sanggane, nanging wonten mriki si wanodya getun lajeng saben si dokter ngintun layang boten nate dipun waos. Ngantos si wanodya manggihi pria sanes dugi ajeng ijab layang menika boten diwaos. Si dokter madosi wanodya menika dugi griyanipun.

Saksampunipun dugi si dokter kaget menawi wonten mriku badhe wonten acara nikahan. Si dokter lajeng manggihi si wanodyanipun saha nyariosaken sedayanipun. Kanthi getun saha bingung, si wanodya tetep nglajengaken ijab kobulipun saha mbikak lembaran pagesangan ingkang enggal kaliaan pria sanes.

Novel menika nyariosaken pagesangan ing jaman samenika, nyariosaken bab ingkang asring kadadosan wonten ing masyarakat samenika. *Novel* menika nggadhahi cariyos ingkang nyata kawontenanipun ing pagesangan, kathah ngelmi ingkang saged dipunpendhet saking *novel* Maruku. Lajeng *novel* menika ugi ngandhut piwulang utawi ajaran saking penganggit ingkang saged mupangat sanget kangge pagesangan.

E. Panaliten Inggang Jumbuh


Panaliten menika ngginakaken acuan saking panaliten ingkang dipuntindakaken dening Sukardi, dkk. Panaliten kanthi irah-irahan **Antonimi dalam Bahasa Jawa** menika dipunlampahi rikala taun 1995. Bedanipun panalitenipun Sukardi kaliaan panaliten menika wonten ing sumber datanipun. Sukardi naliti tembung-tembung *antonim* ingkang wonten ing basa Jawi, ananging Sukardi mboten ngandharaken sedaya pasangan *antonim* wonten ing basa Jawi. ingkang dipunandharaken namung saperangan kemawon minangka tuladha, saha data-data ingkang dipunandharaken kathahipun ngginakaken basa ngoko. Tembung-tembung *antonim* ingkang dipunandharaken ugi kathah ingkang arupi dialek. Menawi ing panaliten menika namung naliti *antonim* ingkang wonten ing

antologi novel Maruku kemawon, amargi novel menika kathah ngginakaken basa Jawi ngoko.

Salajengipun, bedanipun panaliten ingkang dipuntindakaken Sukardi kalihan panaliten menika inggih menika wonten panaliten menika dipunandharaken wujud saha tegesipun *antonim* wondene ing panalitenipun Sukardi, dkk boten dipunandharaken wujud-wujudipun saha tegesipun *antonim*. Sukardi namung ngandharaken *tipe-tipe antonim* kemawon, menawi ing panaliten menika sasanipun ngandharaken *tipe antonim*, ugi dipunandharaken wujud saha tegesipun *antonim*.

F. Nalaring Pikir

Adhedhasar pamanggih ing nginggil menika, nalaring pikir badhe dipunandharaken mawi bagan. Baganipun kados mekaten.



Saking bagan wonten inggil menika saged dipunandharaken bilih panaliten menika kalebet panaliten *semantik*. Wonten basa jawi *semantik* dipunsebut widyamakna. Widyamakna kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung widya saha *makna*. Tembung widya ngemu teges “ilmu” saha

tembung makna ngemu teges “surasa”, “teges” utawa “arti”. *Semantik* menika kalebet peranganipun ngelmi basa ingkang ngrembag bab teges saha bab-bab ingkang wonten sambung rapetipun kaliyan ngelmi teges utawi *makna*. Dados semantik menika ngelmi ingkang nyinau bab teges utawi makna.

Relasi bentuk saha makna ingkang dipunrembag wonten ing *semantik* menika antawisipun sinonim, antonim, homonim, hiponimi, polisemi, ambiguitas, jinising makna, tandha saha simbol. Wonten panaliten menika badhe nglampahi bab *antonim*. *Antonim* inggih menika tembung, *frasa*, utawi ukara ingkang gadhah teges kosok wangsul. Ingkang dados pirembaran wonten ing panaliten menika inggih menika wujud saha *tipe antonim*. Wujud *antonim* menika wonten tiga, inggih menika *antonim* wujud tembung, *antonim* wujud frasa saha *antonim* wujud ukara. *Tipe antonim* menika wonten gangsal, inggih menika *antonim biner*, *antonim majemuk*, *antonim gradual*, *antonim berjenjang* saha *antonim khusus*.

Data antonim saged dipunpangguhaken wonten ing asiling karya sastra. Salah satunggaling karya sastra ingkang badhe dipundadosaken minangka *data* wonten ing panaliten inggih menika novel Maruku. Novel Maruku menika anggitanipun Titik Renggani. Novel Maruku kacithak rikala tahun 2011. Novel Maruku kadhapuk saking pitung cariyos. Cariyos ingkang wonten ing novel Maruku antawisipun irah-irahan Maruku, Lading, Ajuring Katresnan, Ketiban guna-guna, Balon lurah, Abot sanggane, Kembang asmara.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken gambaran kanthi nyata, *sistematis* saha *faktual* kaliyan sumber datanipun. Dados sedaya data

ingkang wonten ing panaliten menika jumbuh kaliyan data ingkang wonten ing sumber datanipun.

Data ingkang dipunpanggihaken kaserat menawa wontenipun wonten ing novel Maruku. Anggenipun manggihaken *data* mawi cara maos saha nyathet. Caranipun maos kanthi dipunambali ngantos pikantuk *data* ingkang leres. Salajengipun suka tandha saben tembung, *frasa* saha ukara ingkang dipunpanggihaken. Sasampunipun mawi cara maos dipunlajengaken kanthi cara nyathet. Anggenipun nyathet saderengipun dipunsukani tandha kalawau lajeng dipuncathet miturut *tipe* saha wujudipun *antonim* saha dipunjumbuhaken kaliyan *teori* ingkang dipunginakaken. Salajengipun, *data* dipunlebetaken wonten ing kartu *data*. Ingkang pungkasan dipunanalisis.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih punika *diskriptif*. Miturut Sudaryanto (1988: 62), panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten kanthi adhedhasar *fakta* ingkang wonten utawi *fenomena* ingkang kanthi *empiris* wonten ing penutur-penuturipun, satemah saged ngasilaken data kados *potret* utawi kados kawonteanipun. Adhedhasar andharan menika, saged dipunpendhet dudutan bilih, panaliten *deskriptif* inggih punika salah satunggaling panaliten ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken gambaran ingkang nyata, *sistematis* saha *faktual* kalia sumber *datanipun*. Asiling panaliten dipunandharaken kanthi kasunyatanipun. Pramila, ing panaliten menika data ingkang dipunpendhet saking novel Maruku menika mboten dipunewahi saha dipunandharaken kanthi urutan supados saged ngasilaken gambaran ingkang kados kasunyatanipun.

Moleong (1988: 5) ngandharaken bilih wosing laporan panaliten ing panaliten *deskriptif* ngandharaken kutipan-kutipan data ingkang saged paring gambaran anggenipun mahyakaken laporan kasebat. *Data-data* kasebat saged dipunpendhet saking *naskah*, *wawancara*, *catatan-lapangan*, lsp ingkang dipunanalisis kados bentuk aslinipun. Adhedhasar andharanipun Moleong menika, pramila anggenipun mahyakaken data wonten panaliten menika mawi kutipan-kutipan ingkang ngewrat pasangan *antonim*, ingkang dipunpendhet saking Novel

Maruku. Pramila panaliten menika ngandharaken bilih asiling panaliten menika arupi data-data tanpa ngewahi data-data menika.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif* amargi ngandharaken sedaya *antonim* ingkang wonten ing novel Maruku. Pramila panaliten menika ngandharaken sedaya wujud *antonim*, *tipe-tipe* utawi jinisipun *antonim*, saha tegesipun *antonim* ingkang wonten ing novel Maruku. Anggenipun ngandharaken data ing panaliten menika mawi kutipan-kitipan ingkang wonten ing novel. Salajengipun data menika jumbuh kalian kawontenanipun wonten ing novel Maruku.

B. Data saha Sumber data

Inkang dados *data* ing panaliten menika awujud *data* ingkang sinerat, inggih menika arupi tembung-tembung. Panaliten menika naliti bab tembung ingkang gadhah sesambetan kaliyan makna. *Data* ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika tembung-tembung, *frase* saha ukara ingkang ngemu teges kosok wangsul.

Sumber data wonten ing panaliten menika, inggih punika *novel* Maruku anggitanipun Titik Renggani. Panaliti ngginakaken *novel* Maruku kangge *sumber data* panaliten amargi *novel* Maruku menika ngginakaken basa ingkang gampang dipunmangertosi saha dipunpahami. Basa ingkang dipunginakaken inggih menika basa ngoko saengga sedaya kalangan wonten ing masyarakat saged mangertosi wosing cariyos wonten ing salebetipun *novel*. *Novel* Maruku menika kathah dipunpanggihaken satuan lingual ingkang ngemu teges *antonim*. Wonten *antonim*

wujud tembung, *antonim* wujud frasa saha *antonim* wujud ukara. Novel Maruku nyariosaken bab pagesangan ing jaman samenika, bab ingkang asring kadadosan wonten ing masyarakat umumipun, saha kawontenanipun nyata ing pagesangan. Kathah ngelmi ingkang saget dipunpendhet saking *novel* Maruku.

Novel menika kadhapuk saking 284 kaca. Awujud *antologi* ingkang ateges *novel* menika arupi kempalan saking mapinten-pinten cariyos. Ing *novel* Maruku wonten 7 cariyos ingkang irah-irahanipun inggih menika Maruku, Lading, Ajuring Katresnan, Ketiban Guna-guna, Balon Lurah, Abot Sanggane, Kembang Asmara. Novel Maruku dipunterbitaken dening Absolut. *Data* ingkang wonten ing sumber *data* dipunanggep cekap menawi sampun boten dipunpanggihaken malih *antonim* wonten ing novel Maruku.

C. Cara Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken data wonten ing panaliten menika, inggih punika mawi cara maos saha nyathet, amargi *datanipun* arupi tembung-tembung wonten salebeting *naskah* novel Maruku. Tembung-tembung ingkang dados data ing panaliten menika kathah pramila mbetahaken cara supados boten kesupen anggenipun manggihaken data pramila kanthi cara nyathet. *Data* ingkang dipuncathet menika ingkang kalebet tembung, *frasa*, ukara ingkang ngandhut *antonim*. Ingkang sepisan dipuntindakaken inggih menika maos. Caranipun maos kados ing ngandhap menika.

1. Maos kanthi permati novel Maruku anggitanipun Titik Renggani, anggenipun maos kanthi dipunambali ngantos pikantuk *data* ingkang leres.

2. Nyukani tandha saben tembung, frase saha ukara ingkang ngemu teges *antonim* ingkang dipunpanggihaken anggenipun maos novel Maruku. Sedaya *data* dipunjumbuhaken kaliyan *teori* ingkang dados landhesan.

Sasampunipun kanthi cara maos dipuntindakaken, dipunlajengaken kanthi cara nyathet. *Teknik* nyathet katindakaken kados ing ngandhap menika.

1. Sedaya tembung-tembung, *frasa* saha ukara ingkang sampun dipunsukani tandha kalawau lajeng dipuncathet miturut *tipe* saha wujudipun *antonim*. Anggenipun netepaken *tipe* saha wujudipun *antonim* dipunjumbuhaken kaliyan teori.
2. Salajengipun, *data* ingkang sampun dipuncathet kalawau dipunlebetaken wonten ing *kertu data*.
3. Anggenipun nyerat data menapa wontenipun kahanan wonten ing novel Maruku.

D. Pirantining Panaliten

Data ing panaliten menika awujud tembung-tembung ing novel Maruku, pramila piranti ingkang dipunginakaken awujud kertu *data*. Caranipun kanthi damel cathetan-cathetan bab *data* ingkang badhe dipunteliti, lajeng *data* kasebut dipunlebetaken ing kertu *data* minangka piranti pambiyantu *instrumen* panaliten wonten ing pangempalan *data*.

Tabel 1. Format Kertu Data

Nomor <i>Data</i>	:	M/3/161/61
<i>Data</i>	:	Wong lanang >< wong wedok
Indikator <i>Data</i>	:	Pancen merga kepingin duwe anak, kepingin nunjuka dadi wong lanang tenan, lan emoh disepeleke wong wedok apa maneh bojone.
Wujud Antonim		Antonim antawisipun <i>frasa</i>
Tipe Antonim		<i>Antonim Biner</i>
Teges	:	Jinis klaminipun tiyang
Sumber <i>Data</i>	:	Novel Maruku.

Kertu menika gadhah kolom pitu, inggih punika kolom nomor *data*, *data*, *indikator data*, wujud *antonim*, *tipe antonim*, teges, saha sumber *data*. Kolom nomor data inggih punika nomor ingkang nedhahaken wonten ing pundi data menika mapan. M menika singkatan saking Maruku, lajeng angka 3 ingkang sepisan menika saking nomer rutipun sub irah-irahan wonten ing novel M. Nomer urut sub irah-irahan ingkang nomer 3 inggih menika Ajuring Katresnan. angka 161 ingkang ngajeng piyambak nedhahaken ing kaca pinten data dipunpanggihken. Lajeng angka 61 ingkang wonten ing wingking ngandharaken nomer urut datanipun.

Kolom data menika ngandharaken data *antonim* ingkang wonten ing novel. Kolom *indikator* inggih menika pethikan saking novel ingkang ngewrat data *antonim*ipun. Kolom wujud *antonim* ngandharaken antonimipun kalebet ing wujud menapa. *Tipe antonim* kangge ngandharaken kalebet ing *tipe antonim* punapa *data* ingkang dipunpanggihaken. *Kolom* teges kangge ngandharaken

tegesipun tembung-tembung ingkang dados *data*. Lajeng sumber *data* inggih menika kolom kangge ngandharaken saking pundi asalipun *data* menika.

E. Caranipun Nganalisis Data

Sasampunipun *data* dipunkempalaken salajengipun *data* menika dipunanalisis. Panaliten menika ngginakaken *analisis deskriptif*. *Data* ingkang dipunkempalaken arupi tembung-tembung ingkang gadhah makna kosok balen. Salajengipun caranipun nganalisis *data* ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika panaliti ngandharaken sedaya *antonim* ingkang wonten ing novel Maruku minangka *data*. Langkah anggenipun nganalisis *data* badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. *Data* ingkang sampun dipunlebetaken wonten ing kertu *data* kalawau salajengipun dipunlebetaken wonten ing *tabel analisis data*.
2. Anggenipun nglebetaken wonten *tabel analisis data* dipunkelompokaken miturut wujud saha tipenipun *antonim* supados nggampilaken anggenipun nyerat pirembagan.
3. Salajengipun, *data* ingkang sampun dipunlebetaken wonten ing *tabel analisis data* kalawau dipunrembag *wujud, tipe* saha tegesipun *antonim*. Anggenipun ngrembag dipunjumbuhaken kalian *teori* ingkang dipundadosaken landhasan.
4. Ingkang pungkasan inggih menika damel dudutan saking sedaya pirembagan bab *antonim* ing novel Maruku.

Wujudipun *tabel analisis* saged dipunpirsani ing ngandhap menika

Tabel 2. Format Tabel Analisis

No	Data	Wujud Antonim			Jinis Antonim					Teges	Indikator
		AT	AF	AU	AB	AM	AG	ABJ	AK		
1	Pancen merga kepingin duweni anak, kepingin nunjoke dadi wong lanang tenan, lan emoh disepeleke wong wedok apa maneh bojone (M/3/161/61)		√		√					Sebatan kangge jinis klaminip un tiyang	wujud frasa amargi anggota pasangan antonim menika kasusun saking kalih tembung ingkang dumados saking <i>inti-atributif</i> . antonim biner amargi tiyang menika jinisipun namung wnten kalih lanang saha wedok ingkang gadhah ciri ingkang beda sanget.

Katrangan:

- AT** : *Antonim wujud Tembung*
AF : *Antonim wujud Frasa*
AU : *Antonim Wujud Ukara*
AB : *Antonim Biner*
AM : *Antonim Majemuk*
AG : *Antonim Gradual*
ABJ : *Antonim Berjenjang*
AK : *Antonim Khusus*

F. Caranipun Ngesahaken Data

Wonten panaliten menika cara anggenipun ngesahaken *data* menika kanthi *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih punika, *validitas* semantik. *Validitas semantik* ingkang dipuntindakaken ing panaliten menika, kanthi cara ningali teges-tegesipun *data* dipunjumbuhaken kalian *konteks* ukaranipun. Dados, anggenipun mangertosi menapa tembung, *frasa* utawi ukara menika kalebet *antonim* kanthi dipuntingali menapa tegesipun ukara, *frasa* utawi ukara menika miturut *konteks*-ipun. Tuladha anggenipun nganalisis data kanthi *validitas* semantik kados ing ukara ngandhap menika.

Pancen merga kepingin duwe anak, kepingin nunjoke dadi wong **lanang** tenan, lan emoh disepeleake wong **wedok** apa maneh bojone
(M/3/161/61)

Saking ukara ing nginggil saged dipunpanggihi tembung *antonim* **lanang-wedok**. Tembung lanang saha wedok menika kalebet pasangan *antonim* dipuntingali saking tegesipun. Tegesipun tembung lanang-wedok menika kalih jinis kelaminipun. Antawisipun tiyang lanang saha wedok menika gadhah ciri ingkang beda sanget. Sipat saha bentuk *fisik*-ipun tiyang lanang saha wedok menika kuwalikan sanget, pramila ndadosaken lanang kaliyan wedok menika kalebet tembung *antonim*.

Kangge mangertosi bilih analisis menika leres menapa boten, data menika dipunjumbuhaken kalihan teori-teori ingkang dipundadosaken dhasaring panaliten. Adhedasar teori ingkang dipundadosaken dhasar utawi landhasan menika saged dipunmangertosi bilih data menika kalebet tembung *antonim* **biner** salajengipun pasangan *antonim* menika kalebet *antonim* wujud **tembung**. Kalebet

antonim biner amargi jinis kelamin menika namung wonten kalih kemawon. Mboten wonten setengah wedok, utawi setengah lanang. Salajengipun tembung menika kalebet *antonim* antawisipun tembung amargi lanang saha wedok menika arupi tembung lingga ingkang dereng kawuwuhan menapa-menapa.

Uji reliabilitas ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten, inggih menika *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* ing panaliten menika mawi cara *penafsiran* saha *penginterpretasian* kanthi dipunambali kaping kathah ing wekdal sanes satemah pikantuk data ingkang boten ewah malih. *Reliabilitas stabilitas* ing panaliten menika ningali saha maos kanthi dipunambali wonten ing wekdal sanes ngantos data ingkang dipunpanggihaken ing novel Maruku menika boten ewah malih. Data ingkang sampun dipunpanggihaken salajengipun dipunkaji jumbuh kaliyan perkawis ingkang dipunteliti, inggih menika wujudipun *antonim*, *tipenipun antonim*, saha tegesipun *antonim* ingkang wonten ing novel Maruku.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Wonten ing bab sekawan menika ngandhut asiling panaliten ingkang irah-irahanipun “*Antonim wonten ing Novel Maruku*” anggitanipun Titik Renggani. Asiling panaliten menika manggihaken *wujud, tipe* saha tegesipun *antonim* wonten ing novel Maruku. Andharan menika dipunjumbuhaken kalian *teori* ingkang dipunginakaken minangka landhasan. Wujudipun *antonim* kaperang dados tiga inggih menika *antonim wujud tembung, antonim wujud frasa* saha *antonim wujud ukara. Tipe-tipe antonim* dipunperang dados gangsal inggih menika *antonim biner, antonim majemuk, antonim gradual, antonim berjenjang* saha *antonim khusus*. Salajengipun anggenipun madosi tegesipun *antonim* mawi ningali *konteks* ukaranipun.

Asiling panaliten *antonim* menika dipunandharaken wonten ing *tabel analisis*. Asiling panaliten bab *wujud, tipe* saha tegesipun *antonim* wonten ing salebetipun novel Maruku badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika, wondene *data* asiling panaliten ingkang jangkep saged dipuntingali wonten ing lampiran. Tembung-tembung ingkang dipuncithak kandhel minangka *data* ingkang ngandhut teges kosok wangsul.

Tabel 3: Wujudipun, Jinisipun saha Tegesipun Antonim wonten ing Novel Maruku

No	Wujud antonim	Tipe Antonim	Teges	Indikator Data
1	Lingga><lingga	<i>Biner</i>	Kahananipun manah	Apa wae tetep tak lakoni, seneng utawa susah . (M/1/25/9)*
	Andhahan><andhahan	<i>Majemuk</i>	Ebahing badanipun tiyang	Soko kadohan bu rukmi sing lagi lenggahan banjur ngadeg . (M/6/208/75)
	Andhahan ><lingga	<i>Gradual</i>	<i>Pengelompokan</i> tiyang dipuntingali saking yuswanipun	Prapti karo Trisni arepo ora mbakyu adhi nanging rukun banget anggone paseduluran. (M/3/142/56)
	Lingga><lingga	<i>Berjenjang</i>	Pawakanipun awak utawi bobot	“Ning Sekar kae lemu lho! Opo maneh awakmu mung cilik . (M/1/26/10)
	Lingga><lingga	<i>Khusus</i>	Tiyang sepuh	Ning dugi samenika bapak lan ibu kula dereng ngertos menawi kula sesambungan kalih tiyang ingkang sampun kluwarga.(M/1/17/6)
2	<i>Frasa endosentrik</i>	<i>Biner</i>	Jinis kelaminipun manungsa	Pancen merga kepingin duwe anak, kepingin nunjuke dadi wong lanang tenan, lan emoh disepeleke wong wedok apa maneh

				bojone. (M/3/161/62) -
	<i>Frasa endosentrik</i>	<i>Gradual</i>	Tingkatan utawa drajad sosialipun tiyang	Lhaiyo, aku mengko sing njupuk kok yu. Wah awake dhewe wong ndesa kok padha wong kutha , kon nganggo gas. (M/2/101/33)
		<i>Berjenjang</i>	Etanganipun arta	Wengi sepisanan enteke anggone mbayari mung selawe ewunan , saiki dadi entek rongatus seket ewu . (M/5/173/69)
3	Ukara Katrangan	<i>Biner</i>	Kahananipun manah	Mas Joko, aku mundhak pangkatku dadi manager area, kuwi aku seneng banget. Ning aku uga susah . (M/1/12/4)
	Ukara Katrangan	<i>Gradual</i>	Nandhingaken tingkatan utawi drajad bandhanipun tiyang	Kuwi kang ndadekake ana tetembungan sing siji sugih tansaya sugih, sing siji mlarat tansaya rekasa . (M/2/98/31)
	Ukara Katrangan	<i>Berjenjang</i>	Cacahing tiyang ing salah satunggaling ruang wonten griya sakit	Ono ruang tunggu kuwi mau katon akeh uwong, nanging saiki dadi sepi nyenyet ora ana sapa-sapa . (M/1/85/30)

(*) Keterangan data (M/1/25/9)

M : singkatan saking novel Maruku

- 1 : angka 1 menika nedhahaken nomer urutipun sub irah-irahan ing novel
- 25 : angka 25 menika nedhahaken ing kaca pinten data dipunpanggihaken
- 9 : angka 9 menika nedhahaken nomer urut datanipun

B. Pirembagan

Adhedhasar perkawis wonten ing panaliten inggih menika wujudipun *antonim*, *tipe-tipenipun antonim* saha tegesipun *antonim*. Wujudipun *antonim* antawisipun *antonim* wujud tembung, *antonim* wujud *frasa* saha *antonim* wujud ukara. *Tipe-tipenipun antonim* antawisipun *antonim biner*, *antonim majemuk*, *antonim gradual*, *antonim berjenjang* saha ingkang pungkasan *antonim khusus*. Anggenipun negesi *antonim* ing panaliten menika kanthi ningali konteks ukaranipun.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten ing Novel Maruku menika kathah dipunpanggihaken *antonim*. *Antonim* ingkang kapanggihaken wonten ing novel Maruku menika maneka warni wujudipun, inggih menika *antonim* wujud tembung, *antonim* wujud *frasa* saha *antonim* wujud ukara. Salajengipun *tipe antonim* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten ing salebeting novel Maruku antawisipun *antonim biner*, *antonim majemuk*, *antonim gradual*, *antonim berjenjang*, *antonim khusus*. Asiling panaliten *antonim* wonten ing novel Maruku badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. *Antonim Wujud Tembung*

Tembung inggih menika rerangkening swara ingkang dipuntuturaken ingkang ngewrat teges. Tembung menika biasanipun kasusun saking satunggal *leksem*. Saking andharan menika *antonim* wujud tembung inggih menika pasangan *antonim* ingkang anggotanipun kasusun saking setunggal leksem kemawon. Ing salebeting novel Maruku menika langkung kathah dipunpanggihaken *antonim* wujud tembung tinimbang wujud *antonim* ingkang sanesipun. *Antonim* wujud tembung nedahaken kalih tembung wonten ing ukara ingkang nggadahi teges kosok wangsul.

Antonim wujud tembung ing novel Maruku menika kapanggihaken werni-werni *tipe*ipun. *Tipe-tipe antonim* menika antawisipun *tipe antonim biner*, *tipe antonim majemuk*, *tipe antonim gradual*, *tipe antonim berjenjang*, *tipe antonim khusus*. Asiling data *antonim* wujud tembung ing panaliten wonten ing novel Maruku miturut *tipe-tipe*ipun badhe dipunrembag wonten ngandhap menika.

a. *Antonim Wujud Tembung Tipe Biner*

Ing novel Maruku menika kathah dipunpanggihaken *antonim* wujud tembung *tipe biner*. Salah satunggaling *antonim* wujud tembung *tipe biner* wonten novel Maruku kados ing pethikan pacelathon ing ngandhap menika.

“...apa wae tetep tak lakoni, **seneng** utwa **susah**.” (M/1/25/9)

Saking pethikan pachelaton menika saged dipunpanggihaken data **seneng** >< **susah**. Tembung **seneng** saha **susah** menika kalebet pasangan

antonim amargi dipuntingali saking tegesipun ingkang kosok wangsul. **Seneng** menika tegesipun kahananipun manah ingkang nembe bungah wondene susah tegesipun boten kepenak manahipun dening nemahi lelakon ingkang boten nyenengaken. Adhedhasar tegesipun menika pramila **seneng** saha **susah** dipunkelompokaken pasangan *antonim*.

(M/1/25/9) arupi pasangan *antonim* wujud **tembung**. Kalebet *antonim* wujud tembung amargi ing ukara menika ingkang ngewrat teges kosok wangsul namung antawisipun tembung **seneng** saha **susah** kemawon. Tembung **susah** saha **seneng** menika arupi tembung lingga amargi kekalih tembung menika dereng owah saking lingganipun. Tegesipun, kalih tembung menika dereng kawuwuhan menapa-menapa.

Salajengipun adhedhasar *teori* ingkang dipunpanggihaken minangka landhasan, (M/1/25/9) menika kalebet *antonim tipe antonim biner*. *Antonim biner* inggih menika pasangan antonim ingkang sedayanipun namung wonten kalih. Tegesipun namung wonten kalih menika saben pasangan *antonim* namung gadhah kalih anggota kemawon. Pasangan *antonim seneng-susah* menika kasusun saking kalih tembung kemawon. Tembung **seneng** boten saged dipunpasangaken kaliyan tembung sanesipun **susah**, amargi ing kanyatanipun kahananipun manah namung **seneng** saha **susah**. Adhedhasar menika, pramila (M/1/25/9) kalebet *tipe antonim biner*.

Data (M/1/25/9) menika dipunpanggihaken ing salah satunggaling cariyos wonten ing novel Maruku ingkang irah-irahanipun Maruku ing kaca

25. Tegesipun **seneng** saha **susah** ing (M/1/25/9) menawi dipuntingali saking *konteks* ukaranipun inggih menika kepengin anggenipun hubungan boten kepengin pedhot, pramila susah utawi seneng badhe dipunlampahi.

b. ***Antonim Wujud Tembung Tipe Majemuk***

Antonim wujud tembung *tipe majemuk* inggih menika tembung-tembung ingkang kosok wangsul. Tembung menika arupi tembung ingkang gadhah *superordinat* utawi pengelompokan utawi gadhah induk ingkang sami. Tuladhanipun *antonim* wujud tembung *tipe majemuk* ingkang saged dipunpanggihaken ing novel Maruku kados ing ngandhap menika.

Soko kadohan bu Rukmi sing lagi **lenggahan** ijen banjur **ngadeg**. (M/6/208/75)

Saking pethikan ing nginggil saged dipunpanggihaken data **lenggahan** >< **ngadeg**. **Lenggahan** saha **ngadeg** menika arupi pasangan *antonim* amargi **lenggahan** menika kosok wangsul kaliyan **ora lenggahan**, salajengipun gerakaning badan ora lenggahan menika tamtu gerakan badan sanesipun. **Lenggahan** >< **ngadeg** kalebet *antonim* antawisipun wujud tembung amargi namung kasusun saking satunggal leksem kemawon.

Salajengipun adhedhasar landhasan *teori* ingkang dipunginakaken, data (M/6/208/75) dipunpanggihaken wonten sub irah-irahan Abot Sanggane ing kaca 208. Data (M/6/208/75) minangka pasangan *antonim* kalebet *tipe antonim majemuk*. Miturut *teori*, *antonim majemuk* inggih menika *antonim* ingkang gadhah *superordinat* utawi pengelompokan utawi *induk* ingkang sami. Tembung **lenggahan** ><**ngadeg** gadhah *superordinat* ingkang sami,

inggih menika gerakanipun badanipun manungsa. Menawi wonten penutur nyuwun pirsu dhateng mitra tuturipun bab gerakanipun badan manungsa, mitra tuturipun saged mangsuli ngadeg. Salajengipun menawi ngadeg menika dipunegasikaken kaliyan “dudu ngadeg”, tamtu *merujuk* kaliyan gerakan badan ingkang sanesipun, saged lenggahan, jongkok, ndingkluk, geleng-geleng lan sapanunggalanipun. Tegesipun **lenggahan, ngadeg** wonten ing (M/6/208/75) menawi dipuntingali saking konteks ukaranipun inggih menika manewa warni anggenipun gerak badanipun manungsa.

c. *Antonim* Wujud Tembung Tipe Gradual

Antonim wujud tembung ingkang salajengipun inggih menika *antonim* wujud tembung *tipe gradual*. Salah satunggaling data ing novel Maruku ingkang grewrat *antonim* wujud tembung mliginipun *tipe gradual* inggih menika wonten ngandhap menika.

Prapti karo Trisni arepo ora **mbakyu adhi** nanging rukun banget anggone paseduluran. (M/3/142/56)

Saking (M/3/142/56) saged dipunpanggihaken pasangan *antonim* **mbakyu ><adhi**. **Mbakyu** saha **adhi** menika minangka pasangan *antonim* menawi dipuntingali saking tegesipun. **Mbakyu** menika tiyang ingkang yuswanipun langkung kathah tinimbang **adhi** ingkang yuswanipun langkung sekedhik menawi dipuntandhingaken kaliyan **mbakyu**.

Mbakyu saha **adhi** menika kalebet *antonim* wujud tembung amargi ingkang ngewrat teges kosok wangsul namung antawisipun tembung **mbakyu** saha **adhi** kemawon. **Mbakyu** saha **adhi** kasusun saking satunggal *leksem*

kemawon. Tembung **mbakyu** saha **adhi** menika awujud tembung lingga, amargi tembung **mbakyu** saha **adhi** dereng owah saking lingganipun. Tegesipun dereng dipunowahi saha dereng pikantuk wuwuhan.

Adhedhasar landhasan *teori* ingkang dipunginakaken, data (M/3/142/56) dipunpanggihaken wonten ing sub irah-irahan Ajuring Katresnan ing kaca 142, data (M/3/142/56) kalebet pasangan *antonim* mliginipun *tipe gradual*. *Antonim gradual* inggih menika *antonim* ingkang anggotanipun nedahaken derajat, *tahapan* utawi tingkatan. Pasangan mbakyu saha adhi menika nedahaken derajat utawi tingkatan menawi dipuntingali saking yuswanipun. Tegesipun **mbakyu** saha **adhi** ing (M/3/142/56) menawi dipuntingali saking *konteks* ukaranipun inggih menika adhedhasar yuswa mbakyu saha adhi ingkang nedahaken *status* inggih menika mbakyu ipe saha adhi ipe ingkang paseduluranipun tetep rukun.

d. *Antonim* Wujud Tembung Tipe Berjenjang

Antonim wujud tembung ingkang salajengipun inggih menika *tipe berjenjang*. Supados langkung cetha ing ngandhap punika data minangka *antonim tipe berjenjang* ing pethikan pachelaton wonten novel Maruku.

“ning Sekar kae **lemu** lho! Opo maneh awakmu **cilik**”. (M/1/26/10)

Saking pethikan pacelathon menika dipunpanggihaken pasangan *antonim* **lemu** saha **cilik**. **Lemu** saha **cilik** menika arupi *antonim* ingkang nedahaken bobot awakipun tiyang. Saengga tembung **lemu** saha **cilik** menika minangka kosok wangsul. **Lemu** saha **cilik** menika kalebet *antonim* wujud

tembung amargi saking pethikan pacelathon ing nginggil ingkang gadhah teges kosok wangsul namung anawisipun tembung **lemu** saha **cilik** kemawon. **Lemu** saha **cilik** menika minangka tembung lingga ingkang dereng owah saking lingganipun saha dereng dipunwuwuhi menapa-menapa.

Miturut landhasan *teori* ingkang dipunginakaken, (M/1/26/10) menika minangka *antonim tipe berjenjang*. *Antonim berjenjang* inggih menika pasangan *antonim* ingkang anggotanipun nedahaken *jenjang* mliginipun bab bobot utawi ukuran. **Lemu** saha **cilik** nedahaken bobot utawi ukuran awakipun tiyang, saengga lemu saha cilik menika kalebet *antonim* mliginipun *tipe berjenjang*.

Data (M/1/26/10) dipunpanggihaken wonten ing novel Maruku ingkang sub irah-irahanipun Maruku. Tegesipun **lemu** saha **cilik** ing data (M/1/26/10) menika menawi dipuntingali saking *konteks* ukaranipun inggih menika kiyat menapa botenipun anggenipun nggendong lare ingkang bobotipun langkung kathah tinimbang awakipun piyambak ingkang bobotipun langkung sekedhik.

e. *Antonim Wujud Tembung Tipe Khusus*

Salajengipun *antonim* wujud tembung ingkang pungkasan inggih menika *antonim* wujud tembung *tipe khusus*. *Antonim* wujud tembung *tipe khusus* ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Maruku badhe dipunandharaken wonten ing pethikan ngandhap punika

Ning dugi samenika **bapak** lan **ibu** kula dereng ngertos menawi kula sesambungan kalih tiyang ingkang sampun kluwarga. (M/1/17/6)

Saking pethikan ing nginggil saged dipunpanggihaken pasangan *antonim* **bapak** >< **ibu**. **bapak** saha **ibu** menika minangka *antonim* menawi dipuntingali saking tegesipun ingkang kosok wangsul. **Bapak** saha **ibu** inggih menika tiyang sepuh ingkang kakung saha putri. **Bapak** saha **ibu** menika sisihipun beda saengga saged dipunwastani pasangan *antonim*. Pasangan *antonim* menika nedahaken *antonim* wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul namung antawisipun tembung **bapak** saha **ibu**. Tembung **bapak** saha **ibu** minangka tembung lingga amargi dereng owah saking lingganipun saha dereng kawuwuhan menapa-menapa.

Adhedhasar landhasan *teori* ingkang dipunginakaken, (M/1/17/6) menika kalebet pasangan *antonim khusus*. *Antonim tipe khusus* inggih menika *antonim* ingkang gumantung saking *konteks* ukaranipun. *Antonim khusus* kaperang dados kalih inggih menika *antonim khusus biner peka konteks* saha *antonim majemuk kewaktuan*. (M/1/17/6) menika minangka *antonim khusus ingkang biner peka konteks*. Dipunsebat *biner peka konteks* amargi pasangan *antonim* menika meh sami kalian *antonim* biner ananging wonten mriki gumantung saking *konteksipun* inggih menika tiyang sepuh.

Data (M/1/17/6) dipunpanggihaken wonten ing novel Maruku ingkang *sub* irah-irahanipun Maruku. Adhedhasar *konteks* ukaranipun data (M/1/17/6) nggadhahi teges tiyang sepuhipun tokoh Arum

2. *Antonim Wujud Frasa*

Adhedhasar landhasan *teori* ingkang dipunginakaken saged dipunmangertosi bilih *frasa* inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang kasusun saking *inti* saha *atributif*. *Inti* menika perangan ingkang dipunterangaken, menawi *atributif* menika perangan ingkang nerangaken. Adhedhasar *teori* kasebat saged dipunmangertosi bilih *antonim wujud frasa* inggih menika pasangan *antonim* ingkang saben anggotanipun gadhah kalih tembung utawi langkung ingkang kasusun saking *inti* saha *atributif* utawi *atributif* saha *inti*. Wonten ing panaliten menika dipunpanggihaken data minangka *antonim wujud frasa*. *Data* kasebat badhe dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

a. *Antonim Wujud Frasa Tipe Biner*

Antonim wujud frasa ingkang dipunpanggihaken inggih menika *antonim wujud frasa tipe biner*. Ing panaliten menika kathah dipunpanggihaken data minangka *antonim wujud frasa tipe biner* antawisipun wonten ing pethikan ngandhap menika.

Pancen merga kepingin duwe anak, kepingin nunjoke dadi **wong lanang** tenan, lan emoh disepeleake **wong wedok** apa maneh bojone. (M/3/161/62)

Saking pethikan ing nginggil saged dipunpanggihaken data **wong lanang**><**wong wedok**. **Wong lanang** saha **wong wedok** menika kalebet pasangan *antonim* menawi dipuntingali saking tegesipun ingkang kosok wangsul. **Wong lanang** tegesipun tiyang jaler menawi **wong wedok**

tegesipun tiyang estri. Kekalihipun gadhah ciri ingkang beda sanget utawi kuwalikan sanget. Data **wong lanang** saha **wong wedok** menika nedahaken jinis kelaminipun tiyang gesang.

Data (M/3/161/62) menika minangka *antonim* wujud *frasa*, amargi ing ukara menika saben anggota pasangan *antonim* kasusun saking kalih tembung. Satunggal tembung minangka *inti* menawi tembung sanesipun minangka *atributif*. Data *antonim* wujud *frasa* **wong lanang** saha **wong wedok** menika kasusun saking wong kaliyan lanang saha wedok. Wong menika minangka perangan ingkang dipunterangaken, menawi tembung lanang saha wedok menika minangka perangan ingkang nerangaken menapa jinisipun kelamin wong kalawau.

Salajengipun adhedhasar landhasan *teori* ingkang dipunginakaken, data (M/3/161/62) menika kalebet *antonim tipe biner*. *Antonim biner* inggih menika pasangan *antonim* ingkang sedayanipun namung wonten kalih. Tegesipun pasangan *antonim* menika boten saged dipunseseli tembung sanes utawi unsuripun mutlak. Data **wong lanang** saha **wong wedok** menika kasusun saking kalih anggota. Tembung wong lanang boten saged dipunpasangaken kaliyan sanesipun tembung wong wedok, amargi ing kanyatanipun *jinisipun kelamin* tiyang gesang menika namung wonten kalih kemawon. Wong lanang saha wong wadon nggadahi *ciri fisik* ingkang beda sanget, bab setunggal saha sanesipun nedahaken kosok wangsul.

Data (M/3/161/62) dipunpanggihaken wonten ing novel Maruku ingkang nggadahi sub irah-irahan Ajuring Katresnan ing kaca 161. Tegesipun **wong lanang** saha **wong wedok** ing data (M/3/161/62) menawi dipuntingali saking *konteks* ukaranipun inggih menika tokoh Pak Lurah Giman badhe nunjukaken bilih piyambakipun menika saged dados wong lanang sejati ingkang badhe nggadahi putra mawi kathah cara, saha badhe nunjukaken dhateng wong wedok supados boten dipunsepeleaken mliginipun kalih garwanipun.

b. Antonim Wujud Frasa Tipe Gradual

Antonim wujud frasa ingkang kaping kalih inggih menika *antonim wujud frasa tipe gradual*. Salah satunggaling data minangka tuladha *antonim wujud frasa tipe gradual* ingkang dipunpanggihaken ing panaliten wonten novel Maruku kados ing pethikan pacelathon ing ngandhap menika.

“Ihaiyo, aku mengko sing njupuk kok yu. Wah awake dhewe **wong desa** kok padha **wong kutha**, kon nganggo gas. (M/2/101/33).

Saking pethikan pacelathon wonten nginggil menika saged dipunpanggihaken data pasangan *antonim wong desa* >< **wong kutha**. **Wong desa** saha **wong kutha** menika kalebet *antonim* menawi dipuntingali saking tegesipun. **Wong desa** inggih menika tiyang ingkang papan lenggahipun, pangupajiwanipun tasih *serba tradisional* saha pagesanganipun mapan wonten desa. Menawi **wong kutha** menika tiyang ingkang papan lenggahipun, pangujiwanipun sampun *serba modern* saha pagesanganipun mapan wonten

kutho. Saking andharan menika saged dipun mangertosi bilih *data wong desa* saha **wong** kutha menika kalebet kosok wangsul.

Salajengipun, *data* (M/2/101/33) menika kalebet *antonim wujud frasa* amargi pasangan *antonim* menika kasusun saking kalih anggota ingkang saben anggotanipun kasusun saking *inti* saha *atributif*. **Wong desa** saha **wong kutha** menika kasusun saking kalih tembung. Tembung-tembungipun inggih menika “wong” minangka *inti* saha “desa/kutha” menawi *atributif*. Tembung “wong” menika dados *inti* amargi minangka tembung ingkang nedahaken tiyang gesang. Wondene tembung “desa saha kutha” menika minangka *atributif* amargi tembung menika nerangaken tingkatan utawi drajadipun tiyang gesang.

Data (M/2/101/33) menika kalebet *antonim tipe grradual* amargi, **wong desa** saha **wong kutha** menika nedahaken tingkatan utawi drajadipun tiyang miturut papan lenggahipun saha pangupajiwaniipun. *Data* (M/2/101/33) dipunpanggihaken ing panaliten menika wonten novel Maruku ingkang sub irah-irahanipun Lading ing kaca 101. Tegesipun *data wong desa* saha **wong kutha** menawi dipuntingali saking *konteks* ukaranipun inggih menika gambaran tetandhingan kalih tiyang mliginipun tiyang dusun saha tiyang kutha ingkang *serba sederhana* saha *serba modern*.

c. *Antonim Wujud Frasa Tipe Berjenjang*

Antonim wujud frasa ingkang angka tiga inggih menika *antonim wujud frasa tipe berjenjang*. Ing ngandhap menika pethikan *data antonim*

wujud *frasa tipe berjenjang* ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten ing novel Maruku.

Wengi sepisanan enteke anggone mbayari mung **selawe ewunan**, saiki dadi entek **rongatus seket ewu**. (M/5/173/69)

Saking pethikan ing inggil menika dipunpanggihaken *data antonim selawe ewunan*>< **rongatus seket ewu**. *Data* (M/5/173/69) menika dipunpanggihaken wonten ing novel Maruku ingkang sub irah-irahanipun inggih menika Balon Lurah ing kaca 173. **Selawe ewunan** saha **rongatus seket ewu** menika kalebet *antonim* menawi dipuntingali saking tegesipun. Amargi cacahipun arta menika nedahaken cacah ingkang langkung kathah saha langkung sekedhik pramila dadosaken tembung menika kalebet tembung *antonim* wujud *frasa* ingkang nggadahi *tipe berjenjang*. Dipunwastani *tipe berjenjang* amargi tembung **selawe ewunan** saha **rongatus seket ewu** nedahaken bobot, mliginipun kathah utawi sekedhik cacahipun arta.

Salajengipun, *data* (M/5/173/69) menika kalebet pasangan *antonim* wujud *frasa* amargi **selawe ewunan** saha **rongatus seket ewu** menika kasusun saking tembung ingkang langkung setunggal. **Selawe ewunan** saha **rongatus seket ewu** kasusun saking *atributif-inti*. Angka ingkang ngajeng nerangaken cacahipun arta ing tingkatan“ewu”. Salajengipun *data* (M/5/173/69) menika kalebet *antonim tipe berjenjang* amargi *frasa selawe ewunan* saha **rongatus seket ewu** menika nedahaken bobot mliginipun cacahipun arta. **Selawe ewunan** menika nedahaken cacahipun arta ingkang langkung sekedhik tinimbang **rongatus seket ewu** ingkang cacahipun arta langkung kathah. *Data*

menika nedahaken bobot mliginipun cacahipun arta pramila kalebet *antonim tipe berjenjang*.

Data (M/5/173/69) kapanggihaken wonten ing panaliten menika ing salebetipun novel Maruku ingkang sub irah-irahanipun Balon Lurah ing kaca 173. Tegesipun *data selawe ewunan saha rongatus seket ewu* menika menawi dipuntingali saking *konteks* ukaranipun (M/5/173/69) inggih menika telasipun arta ingkang sampun dipunmedalaken dening Pak Dirgo kangge jajakaken para warga supados milih piyambakipun anggenipun pemilihan lurah. Anggenipun jajakaken para warga langkung dangu nelasaken arta ingkang langkung kathah.

3. *Antonim Wujud Ukara*

Adhedhasar landhasan *teori* ingkang dipunginakaken, saged dipun mangertosi bilih ukara inggih menika reroncening tembung, ingkang ngewrat gagasan, ide saha penggalhipun tiyang. Wujudipun ukara arupi pitakenan, pakon, katrangan lan sapanunggalanipun. Susunan ukara menika kedah wonten jejer saha wasesanipun. Adhedhasar menika dipunmangertosi *antonim wujud ukara* saking kalih reroncening tembung ingkang nggadahi teges ingkang kosok wangsul. Ing panaliten menika mliginipun wonten novel Maruku dipunpanggihaken tigang *tipe antonim wujud ukara* antawisipun *tipe antonim biner, tipe antonim gradual, tipe antonim berjenjang*. Asilipun panaliten badhe dipun rembang wonten ing salajengipun seratan menika.

a. Antonim Wujud Ukara Tipe Biner

Wonten ing panaliten menika boten kathah dipunpanggihaken *antonim* wujud ukara tinimbang *antonim* wujud tembung. Salah satunggaling *antonim* wujud ukara ingkang kapanggihaken wonten ing novel Maruku antawisipun *antonim tipe biner*. Ing ngandhap menika badhe dipunrembag asiling panaliten ingkang arupi *antonim* wujud ukara *tipe biner* kados ing pethikan pacelathon wonten ngandhap menika.

Mas Joko, aku mundhak pangkatku dadi manager area, **kuwi aku seneng banget. Ning aku uga susah.** (M/1/12/4)

Saking pethikan pacelathon ing nginggil dipunpanggihaken *data antonim kuwi aku seneng banget >< ning aku uga susah*. Pasangan *antonim* menika kalebet *antonim* wujud ukara menawi diputingali saking tegesipun. **Kuwi aku seneng banget** menika tegesipun ingkang setri bingah amargi minggah jabatan, wondene **ning aku uga susah** menika tegesipun boten seneng anggenipun mindhak jabatan amargi samangke kedah pindah nyambut damel saha kedah nilaraken anak bojo. Pramila ukara-ukara kalawau kalebet pasangan *antonim*.

Data (M/1/12/4) menika kalebet *antonim* wujud ukara amargi (M/1/12/4) menika kasusun saking kalih ukara ingkang ngewrat teges kosok wangsul. Ukara ingkang sepisan inggih menika **kuwi aku seneng banget** menika arupi setunggal ukara ingkang gadhah susunan JWK. Tembung “aku” minangka jejer amargi ingkang nindakaken pakaryan. Tembung “seneng” amargi nedahaken pakaryan. Tembung “banget” minangka katrangan sebab.

Salajengipun, **ning aku uga susah** menika arupi satunggal ukara ingkang susunanipun JWK. Tembung “ning aku” minangka jejer amargi nedahaken tembung sesulih. Tembung “uga susah” minangka amargi nindakaken pakaryan.

Adhedhasar landhasan *teori* ingkang dipunginakaken, *data* (M/1/12/4) kalebet *antonim* wujud ukara *tipe biner*. Titikanipun kalebet *antonim biner* amargi saking tembung seneng saha susah. Tembung seneng saha susah menika minangka asiling prastawa ingkang nedahaken *sebab akibat*. Pasangan seneng saha susah menika minangka *antonim* ingkang tembungipun boten saged dipungantos kaliyan tembung sanesipun. Pramila pasangan *antonim* menika namung seneng saha susah kemawon.

Data (M/1/12/4) dipunpanggihaken ing panaliten menika wonten novel Maruku ingkang sub irah-irahanipun Maruku ing kaca 12. Miturut *konteks* ukaranipun inggih menika nedahaken kalih ekspresi pengraosan ingkang seneng saha susah amargi wonten bab tartamtu. *Antonim* wujud ukara tipe sanesipun badhe dipunandharaken wonten ing pirembagan salajengipun.

b. Antonim Wujud Ukara Tipe Gradual

Antonim wujud ukara ingkang angka kalih inggih menika *antonim* wujud ukara *tipe gradual*. *Data antonim* wujud ukara *tipe gradual* ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Maruku kados ing pethikan ngandhap menika.

Kuwi kang ndadekake ana tetembungan sing siji sugih tansaya sugih, sing siji mlarat tansaya rekasa. (M/2/98/31)

Saking pethikan ing nginggil menika dipunpanggihaken pasangan *antonim* **sing siji sugih tansaya sugih**>< **sing siji mlarat tansaya rekasa**. Pasangan menika kalebet *antonim* menawi dipuntingali saking tegesipun. **Sing siji sugih tansaya sugih** tegesipun meruhi kahananipun negara saha ngraosaken sing sugih langkung samsaya sugih. Wondene **sing siji mlarat tansaya rekasa** menika tegesipun tiyang alit utawi rakyat ingkang kenging akibatipun saking *kebijakan pemerintah*, pramila tiyang alit menika sampun boten kagungan menapa-menapa nanging uripipun ugi samsaya rekaos. Saking menika saged dipunmangertosi bilih tegesipun ukara menika kosok wangsul sanget amargi nedahaken akibat saking *kebijakan pemerintah* pramila tiyang alit ingkang kenging imbasipun tinimbang tiyang sugih.

Data (M/2/98/31) menika kalebet *antonim* wujud ukara amargi kasusun saking kalih ukara ingkang ngewrat teges kosok wangsul. Ukara sepisan inggih menika **sing sugih tansaya sugih** gadhah susunan JW. “Sing sugih” menika minangka jejer amargi arupi tembung aran, ingkang dados intinipun ukara. “tansaya sugih” menika minangka wasesa. Salajengipun ukara **sing mlarat tansaya rekasa** gadhah susunan JW. Tembung “sing mlarat” menika minangka jejer amargi arupi tembung aran, ingkang dados intinipun ukara. Tembung “tansaya rekasa” menika minangka wasesa.

Adhedhasar landhasan *teori* ingkang dipunginakaken, (M/2/98/31) menika kalebet *antonim tipe gradual* amargi kalih ukara menika

nandhingaken tingkatan utawi drajad bandhanipun tiyang. Kalebet tingkatan menawi dipuntingali saking tembung sing sugih saha sing mlarat. Tembung menika saged dipunwiyaraken kanthi dipunseseli tembung sing rada sugih, sing sugeh banget, lsp. Saking andharan menika saged dipunmangertosi wontenipun drajad utawi tingkatan bandhanipun ing pasangan *antonim* menika pramila *data* (M/2/98/31) kalebet *antonim tipe gradual*.

Data (M/2/98/31) dipunpanggihaken wonten panaliten menika ing novel Maruku ingkang sub irah-irahanipun Lading wonten ing kaca 98. Tegesipun *data* menika menawi dipuntingali saking *konteks* ukaranipun inggih menika nandhingaken tiyang miturut bandhanipun ingkang sugih saha ingkang mlarat. Tiyang sugih ingkang tansaya sugih, pagesanganipun ugi tansaya mulya. Wondene tiyang mlarat utawi tiyang alit pagesanganipun tansaya rekasa.

c. *Antonim Wujud Ukara Tipe Berjenjang*

Antonim wujud ukara mliginipun *tipe berjenjang* minangka *data* ingkang pungkasan ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Marukubadhe dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

Ono ruang tunggu kuwi mau katon akeh uwong, nanging saiki dadi sepi nyenyet ora ana sapa-sapa. (M/1/85/30)

Saking pethikan ing nginggil dipunpanggihaken pasangan *antonim* **mau katon akeh uwong**><**nanging saiki dadi sepi nyenyet ora ana sapa-sapa**. Pasangan menika kalebet *antonim* menawi dipuntingali saking tegesipun. **Mau katon akeh uwong** tegesipun inggih menika wekdal ingkang

lampau kathah tiyang wonten ruang tunggu. Wondene **nanging saiki dadi sepi nyenyet ora ana sapa-sapa** menika tegesipun wonten ruang tunggu ing wekdal samenika sampun boten wonten tiyang wonten mriku. Saking menika saged dipunmangertosi bilih tegesipun kalih ukara menika kosok wangsul sanget amargi nedahaken cacahipun tiyang ingkang wonten ing ruang tunggu. Inkang ukara sepisan nedahaken bilih kathah tiyang wondene ukara salajengipun nedahaken sampun boten wonten tiyang.

Salajengipun (M/1/85/30) menika kalebet *antonim* wujud ukara amargi kasusun saking kalih ukara ingkang ngewrat teges kosok wangsul. Ukara ingkang sepisan inggih menika **ono ruang tunggu kuwi mau katon akeh uwong** gadhah susunan KWJ. Tembung “ono ruang tunggu kuwi mau” minangka katrangan amargi nerangaken kahananipun papan saha nerangaken kahananipun wekdal. Tembung “katon” minangka wasesa amarga dipunkengingi pakaryan utawi nedahaken tembung kriya. Tembung “akeh uwong” minangka jejer amargi nedahaken tiyang gesang.

Ukara salajengipun inggih menika **saiki dadi sepi nyenyet ora ana sapa-sapa** menika nggadahi susunan KWJ. Tembung “saiki” minangka katrangan wekdal amargi nerangaken bab wekdal anggenipun kawontenanipun tiyang sampun boten wonten ing ruang tunggu menika. Tembung “dadi sepi nyenyet” minangka wasesa. Tembung “ora ana sapa-sapa” minangka jejer ingkang nedahaken tiyang wonten ing ruang tunggu menika.

Adhedhasar landhasan *teori* ingkang dipunginakaken, data (M/1/85/30) menika kalebet *antonim* wujud ukara *tipe berjenjang* amargi kalih ukara menika nedahaken jenjang utawi cacahipun tiyang. Kalebet *jenjang* menawi dipunbuktikaken saking tembung akeh uwong saha sepi nyeyet. Andharan menika nedahaken bilih wekdal kalawau tiyangipun kathah wondene wekdal samenika tiyangipun boten wonten. Saged dipuntegesi tiyangipun saking cacahipun tiyang. Tegesipun (M/1/85/30) menawi dipuntingali saking *konteks* ukaranipun inggih menika tiyang ingkang lenggahan ing ruang tunggu kalawau kathah ananging samenika boten wonten tiyang babarblas.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Asiling panaliten saha pirembagan *Antonim* wonten ing novel Maruku Anggitanipun Titik Renggani ingkang sampun dipunlampahi dening panaliten, saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap menika.

1. Wujudipun *antonim* ingkang saged dipunpangguhaken wonten ing *antologi* novel Maruku anggitanipun Titik Renggani inggih menika *antonim* wujud tembung, *antonim* wujud frasa, saha *antonim* wujud ukara.
 - a) *Antonim* wujud tembung kasusun saking kalih tembung ingkang ngewrat teges kosok wangsul. Tembung-tembung ingkang ingkang ngewrat teges kosok wangsul ing panaliten ingkang sampun kalampahan menika awujud tembung lingga saha tembung andhahan.
 - b) *Antonim* wujud *frasa* inggih menika *antonim* ingkang saben anggota pasangan antonim menika kasusun saking tembung ingkang langkung saking setunggal utawi kasusun saking *inti-atributif*.
 - c) *Antonim* wujud ukara, inggih menika *antonim* ingkang anggota pasangan antonimipun awujud kalih ukara ingkang ngewrat teges kosok wangsul.
2. *Tipe-tipe*ipun antonim ingkang saged dipunpangguhaken wonten ing novel Maruku ingkang sampun kalampahan inggih menika *antonim tipe biner*, *antonim tipe majemuk*, *antonim tipe gradual*, *antonim tipe berjenjang* saha *antonim tipe khusus*. Boten sedaya *tipe-tipe antonim* menika dipunpangguhaken wonten ing panaliten ingkang sampun kalampahan.

Wonten ing panaliten menika *antonim* wujud tembung saged dipunpanggihaken sedaya tipe antawisipun *antonim tipe biner*, *antonim tipe majemuk*, *antonim tipe gradual*, *antonim tipe berjenjang* saha *antonim tipe khusus*. Salajengipun asiling panaliten ing bab *antonim* wujud *frasa* boten saged dipunpanggihaken sedaya *tipe antonim* ananging namung manggihaken tigang *tipe antonim*, antawisipun *tipe antonim biner*, *gradual* saha ingkang pungkasan *tipe berjenjang*. Salajengipun asiling panaliten ing bab *antonim* wujud ukara ugi boten saged kapanggihaken sedaya *tipe*. Ananging namung manggihaken tigang *antonim* ugi kadosta ing *antonim* wujud *frasa* inggih menika antawisipun *tipe biner*, *tipe gradual*, *tipe berjenjang*.

3. Anggenipun negesi *data-data* pasangan-pasangan *antonim* wonten ing *antologi* novel Maruku inggih menika mawi teges *gramatikal* pramila anggenipun pados tegesipun adhedhasar *konteks* ukaranipun.

Panaliten menika ngginakaken Novel Maruku minangka data ingkang dipunrembag bab tembung *antonim*. Amargi novel menika minangka asiling karya sastra ingkang arupi seratan saking asiling pamikiranipun panganggit. Novel biasanipun nyariosaken pagesangan ing saben dintenipun ing jaman samenika. Anggenipun nyerat tamtu betahaken kevariatifan panganggening tembung. Tembung-tembung menika wonten panglompokanipun, kathah wujudipun ingkang antawisipun wujud tembung *lingga*, tembung *andhahan*, tembung *rangkep* lan sapanunggalanipun ingkang dipunginakaken wonten ing spanyeratan asiling karya sastra mliginipun novel. Panyeratan ing novel mujudaken

reroncening tetembungan ingkang dadosaken ukara. Kathah tetembungan ingkang dipunpanggihaken ingkang tegesipun kosok wangsul. Menika ateges novel Maruku saged nggambaraken kawontenan ingkang sae saha *variatif*. Kawontenan ingkang sae tegesipun basa ingkang dipunginakaken mawi basa ngoko, saged dipunmangertosi utawa dipunpahami. Novel Maruku menika *variatif*, ateges anggenipun nyerat karya sastra menika mawarni-warni sanget pamilihane tembang, *frasa* utawa ukaranipun.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika saged dipundadosaken bahan waosan saha minangka dhasaring panaliten utawi acuan panaliten basa salajengipun ingkang gayut kaliyan bidang *semantik* mliginipun babagan *antonim*. Panaliten menika saged dados bahan ajar saha nambah seserepan kangge pendidik saha peserta didik wonten ing pawiyatan mliginipun babagan *antonim*.

C. Pamrayogi

Panaliten *antonim* wonten ing novel Maruku anggitanipun Titik Renggani menika tamtu taksih kathah kakirangan amargi seserepanipun panaliti ingkang winates saha tebih sanget saking kasampurnan. Adhedhasar menika, kedah betahaken panaliten sanes ingkang beda kaliyan panaliten menika. Panaliten menika ngrembag tigang wujudipun *antonim*, ing panaliten salajengipun saged dipunrembag salah satunggalipun wujud kemawon ananging langkung rinci anggenipun ngandharaken. Panaliti sanes ugi saged nindakaken panaliten bab

antonim kados ing panaliten menika ananging ngginakaken sumber data sanes-sanesipun.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 1988. *Semantik*. Bandung: C.V Sinar Baru.
- Antunsohono. 1953. *Paramasastra Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Chaer, Abdul. 2009. *Semantik Pendekatan Studi Tentang Makna*. Bandung: Percetakan Sinar Baru Algensindo Offset.
- _____. 2007 *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: P2LPTK.
- _____. 2010. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia utama.
- Moleong, Lexy J. 1988. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi.
- Mulyana. 2008. *Semantik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Oka, I.G.N lan Suparno. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Pateda, Mansoer. 1989. *Semantik Leksikal*. Flores: Nusa Indah.
- Poerwadarminta. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen Batavia: J.B Wolters' Uitgevers-Maatschappij.
- Renggani, Titik. 2011. *Maruku*. Yogyakarta: Absolut.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Sasangka, Sry Cahya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sukardi, dkk. 1995. *Antonimi dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Suwandi, Sarwiji. 2008. *Semantik Pengantar Kajian Makna*. Yogyakarta: Klein Press.

Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Semantik*. Bandung: Angkasa.

NO	Data	Wujud antonim				Tipe antonim					Teges	Indikator Data
		AT	AF	AKL	AU	AB	AM	AG	ABJ	AK		
1	Ratih lan Joko anggone bebrayan wis udakara wolung taunan lan wis duwe momongan loro umur pitung tahun karo limang tahun . (M/1/9/1)		En						√		Cacahing umur	Antonim wujud frasa amargi ingkang kosok wangsul kasusun saking kalih tembung <i>inti-atributif</i> Antonim tipe berjenjang amargi nedahaken etangan.
2	Nganti pirang-pirang tahun anggone bebrayan wong sakloron kuwi kaya mimi lan mintuna . (M/1/9/2)	TL - TL								√	Istilah pasanganipun manungsa	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul inggih menika mimi lan mintuna.. Antonim tipe khusus amargi konteksipun inggih menika istilah saking pasanganipun manungsa.
3	Mergo aku melu seneng Dik. Ning kowe kok katon malah sedih ?ana apa?. (M/1/11/3)				Pit ako nan			√			Beda ekspresi pangraosanipun tiyang ingkang seneng saha sedih	Antonim wujud ukara amargi ingkang kosok wangsul menika wonten ing kalih ukara. Antonim tipe gradual
4	Mas Joko, aku mundhak				Kat	√					Kahananipun	Antonim wujud ukara

	pangkatku dadi manager area, kuwi aku seneng banget. Ning aku uga susah , amarga sasi ngarep aku kudu pisah karo anak bojoku. (M/1/12/4)				ran gan						manah	amargi ingkang kosok wangsul menika wonten ing ukara. Antonim tipe biner amargi ingkang kosok wangsul menika namung kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
5	Yo, ayo mengko ndak selak ngompol. Nek uwis mengko njur bobok meneh hlo, iki wes wengi, sesuk esuk tangi mruput mangkat sekolah. (M/1/13/5)	TL - TL					√				Wayah	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul menika namung antawisipun tembung esuk saha wengi. Antonim tipe gradual amargi wengi lan esuk nedahaken tingkatanipun wayah.

Tabel salajengipun

NO	Data	Wujud antonim				Tipe antonim					Teges	Indikator Data
		AT	AF	AKL	AU	AB	AM	AG	ABJ	AK		
6	Ning dugi samenika bapak lan ibu kula dereng ngertos menawi kula sesambungan kalih tiyang ingkang sampun kluwarga. (M/1/17/6)	L- L								√	Tiyang sepuh	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul namung antawisipun tembung bapak saha ibu. Antonim tipe khusus amargi konteksipun inggih menika tiyang sepuh.
7	Lha yo cepet, wong kok tinggal turu. Wiwit numpak mobil kowe banjur merem , melek wis tekan kene. (M/1/23/7)	L- L				√					Kahananipun mripat ingkang bikak saha nutup	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul namung antawisipun tembung merem saha melek. Antonim tipe biner amargi namung nggadahi kalih unsur kemawon.
8	Bapak lan ibune Mas Joko kuwi wis seda. (M/1/24/8)	L- A								√	Tiyang sepuh	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul namung antawisipun

												tembung bapak saha ibu. Antonim tipe khusus amargi konteksipun inggih menika tiyang sepuh.
9	apa wae tetep tak lakoni, seneng utawa susah . (M/1/25/9)	L- L				√					Kahanipun manah	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul namung antawisipun tembung seneng saha susah. Antonim tipe biner amargi namung nggadahi kalih unsur kemawon
10	Ning Sekar kae lemu lho! Opo maneh awakmu mung cilik . (M/1/26/10)	L- L							√		Pawakan awak utawi bobot	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul namung antawisipun tembung lemu saha cilik. Antonim tipe berjenjang amargi nedahaken tahapan wonten ing ukuran bobot.

Tabel salajengipun

NO	Data	Wujud antonim				Tipe antonim					Teges	Indikator Data
		AT	AF	AKL	AU	AB	AM	AG	ABJ	AK		
11	Joko krungu anggone anake padha padha gojeg kebribenan nganti tangi ora bisa nerusake anggone туру maneh. (M/1/29/11)	L- L				√					Kahanane awak ingkang ngantuk	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul namung antawisipun tembung tangi saha turu. Antonim tipe biner amargi unsuripun mutlak, boten kenging dipunwiyaraken.
12	Bagas lan Sekar padha oyak-oyakan dumadakan Sekar anggone mlayu munggah lan mudhun meja nganti ora ndeloke dalan.(M/1/30/12)	L- L				√					Anggenipun gojegan ngantos minggah mandhaping meja	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung munggah saha mudhun. Antonim tipe biner amargi namung nggadahi kalih unsur kemawon saha boten saged dipuneseli tembung sanesipun malih.
13	Bab jangan lodeh mau isih tetep wewayangane Ratih	L- L				√					Kepikiran bab jangan lodeh	Antonim wujud tembung amargi

	teko lungo ana pikiranne. (M/1/33/13)											ingkang kosok balen namung antawisipun tembung teko lungo. Antonim tipe biner amargi tegesipun mutlak, boten saged dipunwiyaraken.
14	Dheweke kepingin telpon, nanging ora sido amarga pancen ora nate Joko telpon Ratih awan-awan merga pulsane larang, dadi diundur mengko bengi wae. (M/1/33/14)	R- L						√			Keputusan sios napa boten anggenipun telpun	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul menika namung kalih tembung. Antonim tipe gradual amargi nedahaken tingkatan wayah
15	wis wis rasah ngungkit sing mbiyen, saiki kudu dilakoni, kabeh wis kedadeyan Dik Ratih. (M/1/40/15)	A- L			√	√					Kahananipun wekdal ingkang sampun beda	Antonim wujud ukara amargi ingkang kosok wangsul menika wonten ing kalih ukara. Antonim tipe biner amargi ingkang kosok wangsul menika namung kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
16	Kahanane wis temenan mula mlebu metu soko rumah sakit kerep banget.	L- L				√					Asring tindak dateng griya sakit	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung mlebu saha metu.

(M/1/42/16)											Antonim tipe biner amargi unsuripun mutlak
-------------	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

17	Saiki digelar digulung ...piye Arum anggone ngrumat dik Ratih. (M/1/45/17)	A- A							√	Dipunsabar-sabaraken anggenipun ngrumat marunipun ingkang nembe gerah	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten tembung. Antonim tipe khusus amargi tegesipun gumantung saking konteksipun.
18	Biyen piye sakdurunge awake dhewe bebrayan kabeh pacoban mesthi teko lungo . (M/1/46/18)	L- L				√				Ngraosaken pacoban ingkang <i>terus-menerus</i>	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten tembung. Antonim tipe biner amargi ingkang kosok wangsung namung kalih unsur kemawon
19	Piye to? Rene nyedhak mrene. Nah ngene iki lho...ndadak ngedoh-ngedoh . (M/1/48/19)	A- R							√	Anggenipun rangkulan rumaketan	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul wonten ing antawisipun tembung. Antonim tipe berjenjang amargi

												nedahaken ukuran
20	Arum mlaku thingak-thinguk ngetan-ngulon nggoleki warung sego. (M/1/53/20)	A-A				√						Madosi warung ingkang sadean sekul Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul wonten ing antawisipun tembung. Antonim tipe biner amargi namung gadhah kalih anggota kemawon saha boten saged dipunseseli tembung sanesipun
21	Wong loro mau banjur pada rangkulan tanpa nggubris kiwo tengene sing lagi padha jajan. (M/1/54/21)	L-A								√		Boten peduli kalian tiyang-tiyang ing warung mriku Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten ing tembung. Antonim tipe khusus amargi gumantung konteksipun inggih menika tiyang-tiyang ingkang wonten ing warung
22	Arum...ibu mbiyen wis nate tresna karo uwong, nanging simbahmu kakung lan putri ora mangestoni. (M/1/57/22)	L-L				√						Tiyang sepuh Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten ing tembung.

												Antonim tipe biner amargi namung gadhah kalih unsur kemawon
23	Nanging jenenge mlebu rumah sakit mesthi ngetokake dhuwit ora sithik , lan jaman saiki mesthi mbutuhake ragat sing akeh . (M/1/58/23)	L- L						√		Cacahing biaya ingkang dipunmedalaken nalika mlebet griya sakit	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten ing tembung. Antonim tipe berjenjang amargi tegesipun nedahaken bobot.	
24	Yo kerep bu. Saploke bali saka Kalimantan Mbak Ratih kuwi kerep banget mlebu metu rumah sakit kene iki. (M/1/58/24)	L- L				√				Asring mlebet griya sakit	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten tembung. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon.	
25	Kedah nenggo, kawontenan kesehatanipun bu Ratih. Ngentosi ngantos ndalu menika. Menawi ngantos ndalu menika sae, mbenjang enjing saget pun wiwiti. (M/1/70/25)	A- R						√		Wayah ingkang nemtokaken kondisi kesehatan	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun ing tembung. Antonim tipe gradual amargi nedahaken tingkatan.	

26	ono layar monitor tondho kanggo Ratih munggah medhun kondisi. (M/1/73/26)	L- L						√			Kondisinipun kesehatan	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten tembung. Antonim tipe gradual amargi tembung kosok wangsulipun nedahaken tingkatan.
27	Bagas katon isih angler anggone turu, nanging Sekar tangi banjur ngekep ibune Arum. (M/1/74/27)	L- L					√				Kondisinipun badan	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun ing tembung. Antonim tipe biner amargi ingkang kosok wangsul namung kalih unsur kemawon inggih menika tangi saha turu.
28	Ora gantalan wektu perawat metu meneng ngundang Joko supoyo mlebu ruangan dokter. (M/1/74/28)					Ka tra ng an	√				Wonten keperluan ingkang wigati	Antonim wujud ukara amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten ing ukara. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur utawi kalih anggota.

Tabel salajengipun

NO	Data	Wujud antonim				Tipe antonim					Teges	Indikator Data
		AT	AF	AKL	AU	AB	AM	AG	ABJ	AK		
29	Joko banjur metu soko ruangan dokter, nanging durung entuk mlebu niliki Ratih lan Arum, merga kahanane bar wae rampung operasi durung eling. (M/1/75/29)	L- L				√					Nuweni kahananipun sakbubaripun operasi	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten ing tembung. Antonim tipe biner amargi tembung ingkang kosok wangsul namung kalih unsur kemawon inggih menika metu saha mlebu.
30	Ono ruang tunggu kuwi mau katon akeh uwong , nanging saiki dadi sepi nyenyet ora ono sopo-sopo. (M/1/85/30)		En						√		Cacahing tiyang ing salah satunggaling ruang wonten griya sakit	Antonim wujud frasa amargi ingkang kosok wangsul antawisipun ing frasa. Antonim tipe berjenjang amargi tembung ingkang kosok wangsul nedahaken kathah utawi sakedhik anggenipun kawontenanipun tiyang wonten ruang tunggu.

Tabel salajengipun

NO	Data	Wujud antonim				Tipe antonim					Teges	Indikator Data
		AT	AF	AKL	AU	AB	AM	AG	ABJ	AK		
31	Kuwi kang ndadekake ana tetembungan sing siji sugih tansaya sugih , sing siji mlarat tansaya rekasa. (M/2/98/31)	L - L						√			Nandhingaken tingkatan utawi drajad bandhanipun tiyang	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul ing antawisipun tembung. Antonim tipe gradual amargi tembung ingkang nedahaken kosok wangsul nggambaraken tingkatan bandhanipun tiyang.
32	We lah dina iki jare arep didum gas LPG ne. Mengko awan sing njupuk aku opo kowe . (M/2/100/32)	L - L								√	Pitakenan anggenipun ingkang badhe mendhet gas	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten tembung. Antonim tipe khusus amargi tegesipun gumantung saking konteksipun.
33	Lhaiyo, aku mengko sing		E					√			Tingkatan/drajad	Antonim wujud frasa

	njupuk kok yu. Wah awake dhewe wong ndesa kok padha wong kutha , kon nganggo gas. (M/2/101/33)		n							sosialipun tiyang	amargi ingkang kosok wangsul antawisipun frasa inggih menika wong kutha saha wong ndesa. Antonim tipe gradual amargi nedahaken tingkatan sosialipun tiyang.
34	Keporo isih ngutang ngalor-ngidul . (M/2/103/34)	A - A				√				Pundi-pundi papan disuwun pitulunganipun bab nyambut utang arta	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngalor saha ngidul. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
35	Yu Darmi praupane ketok banget anggone mikir uripe, umure pancen adoh kaceke karo bojone kurang luwih rongpuluh tahun . Pancen Kang Sabar anggone nyambut gawe kurang roso amarga umure wis ngancik 50 tahun . (M/2/107/35)		E n					√		Cacahipun yuswanipun tiyang	Antonim wujud frasa amargi ingkang kosok wangsul antawisipun frasa rong puluh tahun saha seket tahun. Antonim tipe berjenjang amargi nedahaken cacahipun yuswa.

36	Pancen sakiwo tengene anggone dasaran padha ora mangkat, Prenjak kang manggon persis jejere uga ora dodol. (M/2/107/36)	A - A								√	Tiyang-tiyang ingkang dhasaran wonten sisihipun	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung kiwo saha tengen. Antonim tipe khusus amargi gumantung konteks ukaranipun.
37	Lho ojo njur boso ngono. Aku mbiyen rak kancamu to? Aku rak yo wis nate cedak karo kowe , arepo mbiyen isih cah cilik. Ning saiki aku isih nduweni rasa lho. (M/2/109/37)	L - L				√					Kahanipun wekdal	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung mbiyen saha saiki. Antonim tipe biner amargi ingkang kosok wangsul menika namung kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.

Tabel salajengipun

NO	Data	Wujud antonim				Tipe antonim					Teges	Indikator Data	
		AT	AF	AKL	AU	AB	AM	AG	ABJ	AK			
38	“Padha wingi , nek sesuk anggone nggodogi dele luwih akeh lo kang, Bu Dullah kidul ndeso kae arep mantu”. (M/2/110/38)	L- L				√						Wayah	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung wingi saha sesuk. Antonim tipe biner amargi ingkang kosok wangsul menika namung kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
39	Konco bakul kiwo tengene Sarmi menjeb lambene bareng krungu omongane Prenjak. (M/2/110/39)	L- A								√	Konco-konconipun ing peken	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung kiwo saha tengen. Antonim tipe khusus amargi gumantung konteks ukaranipun.	
40	Kuwi kang ndadekake deweke lingak-linguk, mloka-mlaku ngalor ngidul ngetan ngulon ngubengi pasar.	A- A				√					Kahanan ingkang nembe bingung	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngalor ngidul ngetan	

	(M/2/111/40)											ngulon. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
41	Prenjak ngomong ngalor ngidul nyritake bab Darmi karo Carike. (M/2/117/41)	A- A				√					Nyriosaken babagan Darmi saha Carikipun	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngalor saha ngidul. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
42	Sabar mung manggut-manggut wae dicritani Prenjak nganti lambene mencas-mencos ngiwo-nengen . (M/2/117/42)	A- A								√	Anggenipun criyos ngantos tutukipun nyengar-nyengir	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngiwo saha nengen. Antonim tipe khusus amargi gumantung konteks ukaranipun.
43	Darmi banjur nggeblas karo nggendhong tenggok ngiwo nengen . (M/2/120/43)	A- A								√	Nggendhong kalih tenggok	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung

												ngiwo saha nengen. Antonim tipe khusus amargi gumantung konteks ukaranipun.
44	“aku wingi tilik mbokmu. Yo kowe mungkur bali , aku teko ”. (M/2/121/44)		En			√					Kerawuhanipun tiyang	Antonim wujud frasa amargi ingkang kosok wangsul antawisipun kowe mungkur bali saha aku teko. Antonim tipe biner amargi tembungipun nggadahi sipat mutlak.
45	“yo..Darmi aku tresno tenan lho karo kowe ”. (M/2/122/45)	L- L								√	Paring <i>pernyataan</i>	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten tembung. Antonim tipe khusus amargi tegesipun gumantung saking konteksipun.
46	Mbiyen sing maune Kang Sabar bojone gelem ngewangi nggodogi dele saiki babarblas ora gelem melu cawe-cawe. (M/2/124/46)	L- L				√					Kahananipun wekdal	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung mbiyen saha saiki. Antonim tipe biner amargi ingkang kosok

												wangsul menika namung kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
47	“nek uwis mbokku, wis tuwo rakyó luwih kepenak mati wae timbang urip wae rekoso. (M/2/129/47)	L- L				√					Kadadosanipun tiyang	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung mati saha urip. Antonim tipe biner amargi namung kalih unsur kemawon utawi mutlak.
48	Darmi pancen kaya wong sing wis kangslupan setan, pikirane ngalor ngidul tanpa bisa mikir wening. (M/2/130/48)	A- A				√					Pamikiran ingkang ruwet.	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngalor ngidul. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
49	Mbokne gage nggugah Darmi anggone туру . Awake di hoyak-hoyak uga ora tangi , diundhang-undhang uga ora tangi.	L- L				√					Kahananipun badan	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung turu saha tangi.

	(M/2/131/49)											Antonim tipe biner amargi tembungipun namung nggadahi kalih unsur kemawon utawi mutlak.
50	Anane mung nyambut gawe mangkat esuk bali sore utawa malah tekan wengi, dadi ora ana wektu kanggo dolan karo kancane. (M/3/136/50)		En					√			Wayah	Antonim wujud frasa amargi ingkang kosok wangsul antawisipun ing frasa mangkat esuk saha bali sore. Antonim tipe gradual amargi tembungipun gadhah tingkatan saha saged dipunwiwaraken.
51	“Trisni..sepisan aku weruh lan kenal kowe , pancen atiku beda banget. Kowe dewe ngerti to?. (M/3/138/51)	L- L								√	Tembung sesulih ingkang paring pernyataan	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung aku saha kowe. Antonim tipe khusus amargi tegesipun gumantung saking konteksipun.
52	Narto mlaku mlebu metu kamar karo unggak-unggak jendela. (M/3/138/52)	L- L				√					Solah ingkang nembe gelisah	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten ing tembung mlebu

												sahametu Antonim tipe biner amargi namung kalih unsur kemawon
53	“ngopo to mas? Kok ming mlebu metu kamar wae ana apa? Mikir apa?”. (M/3/138/53)	L- L				√					Nyuwun pirsu bab solah bawa ingkang nembe gelisah	Antonim wujud tebung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten ing tebung mlebu saha metu Antonim tipe biner amargi namung kalih unsur kemawon
54	Trisni banjur metu saka kamar. Bareng mlebu kamare Pak Lurah, dumadakan Trisni dadi wedi. (M/3/140/54)	L- L				√					Pindah papan	Antonim wujud tebung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten ing tebung mlebu saha metu Antonim tipe biner amargi namung kalih unsur kemawon
55	Wengi kuwi Trisni banjur turu sisihan karo Pak Lurah nganti tekan esuk . (M/3/141/55)	L- L						√			Wayah	Antonim wujud tebung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung wengi saha sesuk. Antonim tipe gradual

												amargi nedahaken tingkatan anggenipun tilem saking ndalu dumugi enjing.
56	Prapti karo Trisni arepo ora mbakyu adhi nanging rukun banget anggone paseduluran. (M/3/142/56)	L- L				√					Sederek kandung ingkang langkung sepuh saha langkung enom	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung mbakyu saha adhi. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih anggotanipun.
57	Prapti klebu wong wedok song ora seneng jagongan karo tanggane utawa nangga crita ngalor ngidul . (M/3/142/57)	A- A				√					Cerita warna-warna	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngalor ngidul. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
58	“ mas ..mbak..dikenalke , iki pacarku..mas Iwan”. (M/3/150/58)	L- L				√					Sesebutan kangge sedulur ingkang langsung sepuh	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung mas saha mbak. Antonim tipe biner

												amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
59	Narto gage lungguh banjur omong-omongan ngalor-ngidul . (M/3/152/59)	A- A				√					Criyos werni-werni	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngalor ngidul. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
60	Trisni numpak montor nganti ora noleh ngiwo nengen sajak kesusu. (M/3/156/60)	A- A							√		Boten nggatosaken kondisi mergi	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngiwo saha nengen. Antonim tipe khusus amargi gumantung konteks ukaranipun.
61	Njero kamar ketok peteng nanging ana sithik ayang-ayang uwong loro lanang wedok kang ora lumrahe ana njero kamar. (M/3/159/61)	L- L				√					Jinis kelaminipun manungsa	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung lanang wedok. Antonim tipe biner

												amargi tegesipun nggadahi unsur mutlak
62	Pancen merga kepingin duwe anak, kepingin nunjuka dadi wong lanang tenan, lan emoh disepeleke wong wedok apa maneh bojone. (M/3/161/62)		√			√					Jinin kelaminipun manungsa	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung wong lanang saha wong wedok. Antonim tipe biner amargi tegesipun nggadahi unsur mutlak
63	Atine harsono uga katon bungah nyawang wong-wong padha jajan teko lungo . (M/4/165/63)	L- L				√					Tiyang-tiyang ingkang sami sliweran	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun teka saha lungo. Antonim tipe biner amargi tembungipun nggadahi sipat mutlak.
64	Nanging urip mono ora mung mlaku ngleter ngono wae lan mesthi kaya dene dalan sing mendhukul uga ana sing mendhak . (M/4/166/64)		√					√			Kahananipun mergi ingkang boten mulus	Antonim wujud frasa amargi ingkang kosok wangsul antawisipun ing frasa dalan sing mendhukul saha ana sing mendhak. Antonim tipe gradual amargi nedahaken tingkatanipun kahanan

												saking mergi.
65	Kaya dene alam kang dumadi, ana padhang lan peteng , ana awan lan bengi . Kaya kahanan ana bungah lan susah lan sapanungale. (M/4/166/65)	L- L						√			Werna-wernipun alam donya	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung padhang saha peteng, tembung awan saha bengi, susah saha bungah. Antonim tipe gradual amargi tembungipun saged dipunwiyaraken.
66	“aku bebojoan karo kang Harsono ki wes seneng lahir batin donya akherat,.... ” (M/4/169/66)	L- L				√					Penggalhipun tiyang bebojoan	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung lahir saha batin, donya saha akherat. Antonim tipe biner amargi tembungipun namung nggadahi kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
67	Arepo isih patang sasinan, bu menik kang duwe watak seneng omong, tanpo ora biso mikir dowo untung	L- A				√					Pertimbangan	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung

	lan rugine . (M/5/172/67)											untung saha rugi. Antonim tipe biner amargi unsuripun mutlak.
68	Warunge bu surip sakdurunge ketekan pak diro, prasat pendhak wengi, sing podo lungguhan paling mung wong 3 opo wong 5 . (M/5/173/68)		En						√		Cacahing tiyang	Antonim wujud frase amargi ingkang kosok wangsul antawisipun frase wong telu saha wong lima. Antonim tipe berjenjang amargi nedahaken cacahing tiyang.
69	Wengi seepisanan enteke anggone mbayari mung selawe ewunan , saiki dadi entek rongatus seket ewu . (M/5/173/69)		En						√		Cacahing arta	Antonim wujud frasa amargi ingkang kosok wangsul antawisipun frasa selawe ewunan saha frasa rongatus seket ewu. Antonim tipe berjenjang amargi nedahaken cacahing arta.
70	Bu menik ngalor ngidul golek uwong sing gelem nyengkuyung. (M/5/174/70)	A- A				√					Madosi tiyang	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngalor ngidul.

												Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
71	Omah kuwi katone idhum banget mergo akeh wit-wit dhuwur ono sakiwo tengene. (M/6/180/71)	A- A								√	Wonten sishipun griya kathah wit-witan	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung kiwo saha tengen. Antonim tipe khusus amargi gumantung konteks ukaranipun.
72	“Bu rukmi. Aku sing nduweni kos-kosan iki. Rasah sungkan-sungkan, aku uwis tepung suwe karo bapak lan ibumu. (M/6/181/72)	L- A								√	Tiyang sepuh	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung bapak saha ibu. Antonim tipe khusus amargi gumantung kalia kontekstipun.
73	“Lha kok sing nyopiri dadi rodo banter , mau katon alon-alon angler banget je..” (M/6/205/73)	L- R							√		Santer botenipun anggenipun nunggang kendaraan.	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung banter saha alon. Antonim tipe gradual amargi nedahaken

												tingkatan santer botenipun anggenipun nunggang kendaraan.
74	Soko kadohan bu rukmi sing lagi lenggahan banjur ngadeg. (M/6/208/74)	A- A					√				Gerakan badanipun tiyang	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung lenggah saha ngadeg. Antonim tipe majemuk amargi gadhah superordinat utawi pengelompokan saking gerakaning badanipun tiyang.
75	Tri kusuma mung manthuk-manthuk sajak tanggap, nanging opo kang diomongake bu kanjeng mung mlebu kuping kiwa metu kuping tengen. (M/6/213/75)		En							√	Nami salah satunggaling anggota badanipun manungsa	Antonim wujud frasa amargi ingkang kosok wangsul antawisipun frasa kuping kiwa saha kuping tengen. Antonim tipe biner amargi namung gadhah kalih anggota kemawon.

Tabel salajengipun

NO	Data	Wujud antonim				Tipe antonim					Teges	Indikator Data
		AT	AF	AKL	AU	AB	AM	AG	ABJ	AK		
76	Esuk kuwi Pratiwi tangi aras-arasen, amargo nglembur terus nganti tekan wengi anggone nyambut gawe. (M/6/214/76)	L- L						√			Wayah	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung esuk saha wengi. Antonim tipe gradual amargi tegesipun nedahaken tingkatan.
77	Pratiwi kok ora mlebu nyambut gawe, ono opo yo?ehhm opo wis metu... (M/6/221/77)	L- L				√					Tasih menopo boten anggenipun nyambut damel	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun wonten ing tembung mlebu saha metu Antonim tipe biner amargi namung kalih unsur kemawon
78	Ibune banjur ngulungake klambi broklat kang katon apik banget, kiwo tengene bordiran lan payetan, apik banget. (M/6/227/78)	L- A								√	Papanipun bordiran saha payet ingkang wonten klambi	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung kiwo saha tengen.

												Antonim tipe khusus amargi gumantung konteks ukaranipun.
79	Batin atine Pratiwi dadi bingung antarane seneng lan susah. (M/6/230/79)	L- L				√					Kahananipun manah	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung seneng saha susah. Antonim tipe biner amargi namung kalih unsuripun utawi anggotanipun namung wonten kalih.
80	Wong sakloron banjur crito ngalor ngidul. (M/6/231/80)	A- A				√					Criyos maneka werni	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngalor ngidul. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
81	“Tri sakwise mantenan, mas tri kudu nerusake kuliah meneh, njupuk doctor mengko yen rampung kudu professor.. ”		√				√				Jinisipun gelar pendidikan	Antonim wujud majemuk amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung doctor saha professor.

	(M/6/244/81)											Antonim tipe majemuk amargi gadhah pengelompokan saking jinisipun gelar pendidikan.
82	Awan kuwi tri kusumo tetep nganggo sandhanganne dhewe mlaku ngalor ngidul ono ndeg-ndegan bis. (M/6/246/82)	A- A				√					Arah	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngalor ngidul. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
83	Tami banjur crita ngalor ngidul nyritake apa sing lagi wae dilakoni. (M/7/259/83)	A- A				√					Criyos maneka warni	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung ngalor ngidul. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
84	Jarwo bingung, piye sakjane tami kuwi, nampa tresnane utawa malah	A- A				√					Setuju menapa boten anggenipun jawab	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul

	nolak. (M/7/264/84)											antawisipun tembung nampa saha nolak. Antonim tipe biner amargi namung wonten kalih unsur kemawon utawi unsuripun mutlak.
85	Eni isin ono kiwo tengene wis ono sing nyawang anggane padu. (M/7/266/85)	L- A							√	Tiyang-tiyang ingkang wonten ing sisihipun Eni	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung kiwo saha tengen. Antonim tipe khusus amargi gumantung konteks ukaranipun.	
86	Panyakrabawa marang tami teko lungu , tansah ganti gumanti, arepo atine tetep seneng. (M/7/268/86)	L- L				√				Bayangaken tiyang	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung teko saha lungu. Antonim tipe biner amargi unsuripun mutlak.	
87	Lagi wae ibune tami mlebu lan nutup lawang krungu wong ndhodhog lawang. Ibune tami gage mbukak lawang. (M/7/278/87)		En			√				Kahananipun lawang	Antonim wujud frasa amargi ingkang kosok wangsul antawisipun frasa nutup lawang saha mbukak lawang.	

												Antonim tipe biner amargi unsuripun mutlak.
88	Kembang asmara kang wis dironce kudu diwenehake marang bojone, bojo kang ngancani urip tekan sak patine . (M/7/283/88)	L- A				√					Kahananipun nyawanipun manungsa gesang menapa pejah	Antonim wujud tembung amargi ingkang kosok wangsul antawisipun tembung urip saha mati. Antonim tipe biner amargi unsuripun mutlak.

Keterangan:

L : Lingga

A : Andhahan

R : Rangkep

En : Endosentrik

Ek :Eksosentrik